ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№3 (24.909) • 2026 гъэм щIышылэм (январым) и 17, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

# Налшыкыпсым и Iуфэр мыгувэу къыпхуэцIыхужынукъым



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зыщигъэгъуэзащ Налшык къалэ 2-нэ Тамань дивизэм и цIэр зезыхьэ и уэрамым къыщызэрагъэпэщ спорт-нэгузыужь IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым**.

НЭХЪАПЭКIЭ мыбы къыщызэIуахащ Мылылъэ уардэунэр, спорт утыку зэмылIэужьыгъуэхэр, апхуэдэуи творчествэмкIэ сабий академиерэ спорткомплексрэ.

Нэгъабэ ТекIуэныгъэм и паркым и япэ Iыхьэр и кIэм нагъэсащ, гъатхэпэхэм деж къыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэхэр яублэжынущ. Апхуэдэу я мурадщ Налшык псым и Iуфэр, Идарым и цIэр зезыхьэ, Осетин уэрамхэм я зэхуакум хуэзэр, сыт и лъэныкъуэкIи зэIузэпэщ ящIыну.

КъищынэмыщIауэ, зэман гъунэгъум къриубыдэу а щIыпIэм деж щаухуэнущ экстрим-парк, зыхуэныкъуэ спорт IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ, йогупсыс фиджитал-центр къызэIухынми.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм, зытепсэлъыхьа Iуэхухэм къадэкIуэу, пщэрылъ ящищIащ Налшык псым и Iуфэр ягъэкъэбзэну.

# УнэтIыныгъэ куэд къызэщIеубыдэ

**ЩIалэгъуалэ политикэм мы зэманым гулъытэ хэха зыщыхуэщIыпхъэ и унэтIыныгъэхэм щытепсэлъыхьащ, апхуэдэуи илъэс кIуам а IэнатIэм къащехъулIахэмрэ зэкIэ зыхунэмысахэмрэ я гугъу щащIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ республикэм щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэтрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэхуэзам**.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщащ мы зэманым республикэм «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» президент программэм ипкъ иткIэ щIалэгъуалэ центри 9 Налшыкрэ щIыналъэхэмрэ къызэрыщызэрагъэпэщар. Ар лъабжьэфIщ щIалэгъуалэ жэрдэмхэр гъэзэщIэнымкIэ.

IэщIагъэлIхэри ягъэхьэзыр - цIыху 500 хурагъэджащ щIалэгъуалэм ядэлэжьэным.

Илъэсым Iуэху зэмылIэужьыгъуэу 200 ирагъэкIуэкIащ, цIыху мин 250-рэ хуэдиз къызэщIиубыдэу. Апхуэдэ зэхыхьэхэм я къалэн нэхъыщхьэр щIалэгъуалэр хэкупсэу, жэуаплыныгъэ зыхащIэу гъэсэнырщ, ахэр хьэл мыхъумыщIэхэм япэIэщIэ щIынырщ.

Зэрыщыту къапщтэмэ, «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектымкIэ зыхуагъэувыжахэр къайхъулIащ, абы теухуа лэжьыгъэхэм мы зэманми пащэ. Мы гъэм иджыри щIалэгъуалэ центритI къызэрагъэпэщынущ. Дзэлыкъуэ щIыналъэм и апхуэдэ IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр теухуауэ щытынущ щIалэгъуалэ туризмэмрэ мэкъумэш IэнатIэмрэ зегъэужьыным. Прохладнэм къыщызэIуахыну центрыр хуэгъэпсауэ щытынущ щIалэгъуалэм къыхалъхьэ хьэрычэт Iуэхухэр пхыгъэкIыным.

КъимыдэкIэ, илъэс хъурейм лэжьэну «Iуащхьэмахуэ» хэкупсэ лагерыр къызэIуахыным зыхуагъэхьэзыр.

КIуэкIуэ Казбек министрым пщэрылъ щищIащ Налшык фиджитал-центрышхуэ къыщызэIухыным и проектми елэжьыну. ЩIыналъэм и Iэтащхьэм шэч къытрихьэркъым щIалэгъуалэ куэд киберспортым зэрыдихьэхым, икIи Iэтащхьэм эфир занщIэкIэ цIыхухэм я упщIэхэм жэуап щаритыжым апхуэдэ лъэIукIэ зыкъыхуагъэзауэ зэрыщытар жиIащ.

Апхуэдэуи и гугъу ящIащ Урысейм ис лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьам къриубыдэу республикэм и щIалэгъуалэр зыхэтыну Iуэхухэми. Абыхэм ящыщщ «ХьэщIэщ» республикэ проектыр, апхуэдэуи творческэ фестивалхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр, зэIущIэхэр, нэгъуэщI куэди - ирагъэкIуэкIыну Iуэхухэр щыубзыхуа программэр ягъэхьэзыр.



# Зэлэжьынур ягъэбелджылы

**КъБР-м и Парламентым и Президиумым гъатхэ лэжьэгъуэм хыхьэу и япэ зэIущIэр екIуэкIащ**.

АР къыщызэIуихым, хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI Егоровэ Татьянэ депутатхэм ехъуэхъуащ лэжьыгъэ купщIафIэ яIэну. Абы къыхигъэщащ гъатхэ лэжьэгъуэр къыщызэIуах зэIущIэр зэман гъунэгъум зэрекIуэкIынур, ауэ, иужьрей зэхуэсым ягъэбелджылауэ щыта Iуэхухэм тету, Парламентым лэжьэн зэрыщIидзар.

- Ди мурадщ законопроект 20-м щIигъум дыхэплъэну. Апхуэдэуи къэпщытэныгъэ лэжьыгъэу 30-м щIигъу едгъэкIуэкIынущ. Абыхэм нэгъуэщI Iуэхухэри къахэхъуэнущ, - жиIащ Егоровэм. - Президиумым и къыкIэлъыкIуэ зэIущIэм республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэхэр зэредгъэфIэкIуэну Iэмалхэм дыщытепсэлъыхьыну тедухуащ. ЩIышылэм и кIэм, Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ комитетым и жэрдэмкIэ, Бахъсэн къалэм Парламентым и зэIущIэ щедгъэкIуэкIынущ. Ар теухуауэ щытынущ къалэ мыинхэм зэрызрагъэужь щIыкIэм.

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ депутатхэр псапэ зыпылъ Iуэхухэм, щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ гъащIэм зэрыхэтым, апхуэдэуи нэгъуэщI щIыналъэхэм я хабзэубзыху IэнатIэхэм зэрадэлажьэр ирагъэфIэкIуэну зэрамурадым.

КъБР-м и Паламентым и зи чэзу зэIущIэр щIышылэм и 29-м екIуэкIыну траухуащ.

Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ комитетым и унафэщI Кансаевэ Еленэ къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ 2026 гъэм япэу екIуэкIыну зэIущIэм КъБР-м и Парламентым хэмыт политикэ партхэм я лIыкIуэхэри къызэрырагъэблагъэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ зыужьыныгъэм ехьэлIауэ я Iуэху еплъыкIэхэм зэрыщедаIуэр. Парламентым и Президиумым зэриубзыхуамкIэ, мы гъэм ахэр тепсэлъыхьынущ республикэм мэкъумэш IэнатIэм иджырей мардэхэм тету зэрызыщрагъэужьыпхъэм.

ЗэIущIэм депутатхэр щыхэплъащ «КъБР-м и Адвокат палатэм и квалификацэ комиссэм Парламентым и лIыкIуэхэр зэрыщыхах щIыкIэм теухуауэ» республикэ законым и проектым. Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI Кривко Михаил къыхигъэщащ зи гугъу ящI законыр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ дэфтэрыр къызэрыхалъхьар. Законопроектым теухуа чэнджэщхэр къагъэлъэгъуэн папщIэ, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэм иратащ.

КъищынэмыщIауэ, зэIущIэм щыхэплъащ нэгъуэщI щIыналъэхэм я жэрдэмхэм. Абыхэм яхэтщ сатур къызэрызэрагъэпэщым, щэхуакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, псыщIэгъэлъадэ Iуэхум, волонтёр зэгухьэныгъэмрэ хьэрычэт Iуэхумрэ зегъэужьыным, УФ-м Унагъуэ, Лэжьыгъэ, административнэ хабзэхэр къызэпемыгъэудынымкIэ и Кодексхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным.



# Нэхъыбэж къызэщIаубыдэ

**«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Дадэ МуIэед КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуиIуэтащ блэкIа илъэсым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ абыхэм къапэкIуахэмрэ.**

УРЫСЕЙ Федерацэм и Президент Путин Владимир и Унафэм ипкъ иткIэ, Фондым лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI СВО-м щыIэхэм, я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуным теухуауэ. Иджыпсту республикэм къудамэм цIыху 42-рэ щолажьэ, абыхэм яшщу 35-р районхэм чэнджэщэгъуу щыIэщ. IэщIагъэлIхэр УФ-м и Президентым деж ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъущIапIэхэмкIэ щыIэ урысей академием щеджащ.

Фондым къекIуалIэхэр нэхъыбэу зыхуэныкъуэр юристым и чэнджэщхэрщ, социальнэ, медицинэ, психологие дэIэпыкъуныгъэщ, апхуэдэуи я узыншагъэм щыкIэлъагъэплъыным, я щIэныгъэр щыхагъэхъуэным, лэжьыгъэ IэнатIэ ящIыным теухуауэ дэIэпыкъуэгъу мэлъыхъуэ.

СВО-м и ветеранхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащI щIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэным, фондым иригъэкIуэкI спорт, щэнхабзэ, жылагъуэ Iуэхухэм жыджэру хэтщ. Нэгъабэ ди республикэм щекIуэкIащ Хэкум и хъумакIуэхэм я кубок» щыналъэпсо зэхьэзэхуэр. Абы япэ увыпIэр къыщызыхьар «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и къудамэу КъБР-м щыIэращ.

Республикэ къудамэм и лэжьыгъэр зыхуей хуэзэу зэрекIуэкIыр къыщыхагъэщащ иджыблагъэ Уфа щекIуэкIа семинар-совещанэм. Абы къыщымынэу, IуэхущIапIэм и къалэнхэм нэхъри зрегъэубгъу, ди щIалэхэм нэхъыбэкIэ сэбэп яхуэхъуфын папщIэ.

IуэхущIапIэм дяпэкIэ Iуэхугъуэ нэхъыбэ къызэщIиубыдэу лэжьэфын папщIэ зыхуей псомкIи къызэдгъэпэщынущ.

# ЩIыуэпсыр хъумэнымрэ шынагъуэншагъэмрэ

**Ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ КъБР-м щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ илъэс блэкIам къэрикIуахэм, апхуэдэуи дызэрыхьэ 2026 гъэм хуаIэ къалэнхэр яубзыхуащ.**



ЗЭIУЩIЭМ гулъытэ хэха щигъуэтащ уэс ткIуэжымрэ псы къиуэхэмрэ къашэнкIэ хъуну шынагъуэм, псы Iуфэхэр гъэбыдэн зэрыхуейм, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэми. А унэтIыныгъэм ехьэлIауэ министрым жиIащ Тырныауз щIыпIэм щежэх Герхожан-Су псым и Iуфэхэр гъэкъэбзэжыным и етIуанэ Iыхьэр зэрызэфIэкIар. Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым щыщу къэралым ихъумэхэр къызэрагъэсэбэпымрэ абыхэм я ухуэныгъэмкIэ IэнатIэм зэгурыIуэныгъэ ирищIылIащ ятIэгъуэпсыр зыгъэкъабзэ ухуэныгъэм щIагъэува блынхэр нэхъри гъэбыдэным ехьэлIа проектым елэжьынымкIэ, псыIущIэм къыщыщIэдзауэ Бахъсэнышхуэ нэсу. Мы зэманым ар ягъэкъабзэ.

Къыщынэмыщ|ауэ, Шэрэджыпсым и Iуфэхэми Аушыджэр къыщыщIэдзауэ Псынабэ нэс, Къулъкъужыныпсми Къулъкъужын Ипщэм къыщыщIэдзауэ Ищхъэрэм нэс къиубыдэу ягъэкъэбзащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ ди республикэм и къалащхьэм щежэх Налшыкыпсми.

Бахъсэныпсым и Iуфэхэр гъэбыдэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр яублакIэщ. А лэжьыгъэхэм хуэдэ Налшыкыпсым и Iуфэхэми щрагъэкIуэкIынущи, абы и проектыр ягъэхьэзыр.

# ЖэуаплыныгъэжылъЖэуаплыныгъэ зыхэлъхэр, захуагъэм темыкIхэр

**Урысей Федерацэм СледствиемкIэ и комитетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 15 зэрырикъумкIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ехъуэхъуащ СледствиемкIэ управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ и ветеранхэмрэ:**

«ИЛЪЭС блэкIахэм къриубыдэу СледствиемкIэ комитетыр хъуащ къэралым и хабзэхъумэ IэнатIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и къудамэхэм ящыщ зы.

Следователым и IэщIагъэм цIыхум къалэн щещI хабзэм кууэ хищIыкIыну, жэуаплыныгъэ хэлъыну, захуагъэм темыкIыу тетыну. А хьэлхэр нэгъэсауэ яхэлъщ щIыналъэм СледствиемкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм.

Нобэ фэ къалэнышхуэ фогъэзащIэ хабзэр къызэпызыудэр къыщIэгъэщэнымкIэ, апхуэдэхэм япэщIэтынымкIэ, хэлъхьэныгъэшхуэ хувощI щIэпхъаджагъэхэр, Iулъхьэ зэIэпыхыныр къызэпыудыным хуэгъэза бэнэныгъэм, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хъумэным, апхуэдэуи къэралым и сэбэп зыхэлъхэм тIийуэ фыкъыщхьэщож. Си гум къыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхуэзощI хьэлэлу фи къулыкъур зэрефхьэкIым, фи Iуэхум фызэрыхуэпэжым папщIэ.

Шэч къытесхьэркъым фи пщэ къыдэхуэ къалэнхэр дяпэкIи щIыхь пылъу зэрывгъэзэщIэнум, законымрэ хабзэмрэ сакъыу зэрыфхъумэнум. Узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэхэр фиIэну, фи Iуэхухэр сыткIи зэпэщу щытыну сынывохъуэхъу», - щыжеIэ Iэтащхьэм и хъуэхъум.

# IэмалыщIэхэм нэхъ трагъащIэ



**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Бозий Аскэр.**

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэм ехьэлIа къалэнхэр гъэзэщIэным бжыгъэхэр зи тегъэщIапIэ Iэмалхэр сэбэпынагъ нэхъыбэ къахьу къыщыгъэсэбэпа зэрыхъуну щыIэкIэм. Республикэм и УнафэщIым гулъытэ хэха хуищIащ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щызэхуахьэс щIыпIэхэмрэ ахэр зэрыдаш щIыкIэмрэ зэракIэлъыплъ IэмалыщIэхэр хэпщэн зэрыхуейм.

«Мыхьэнэ нэхъ мащIэ иIэкъым республикэм щыпсэухэм щытыкIэр зыхуэдэр ягурыгъэIуэным, хъыбар егъэщIэным, абыхэм быдэу япыщIауэ щытыным теухуа лэжьыгъэми, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. - КъыхэзгъэщынщI, нобэ республикэм щыIэщ кIэрыхубжьэрыху быдэхэр щызэхуахьэс щIыпIэ минитхум щIигъу, уней лъапсэхэр зиIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ ейхэр хэмыту. Ар мащIэкъым икIи зыхуэфащэ IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэблэмыуэ къызэгъэпэщын хуейщ».

Республикэм и Iэтащхьэм министрым пщэрылъ щищIащ, а Iуэхур зэхьэлIа адрей министерствэхэм, IуэхущIапIэхэмрэ муниципальнэ администрацэхэмрэ щIыгъуу, кIэрыхубжьэрыхухэм епха щытыкIэм унафэ тещIыхьыным бжыгъэхэр зи лъабжьэ Iэмалхэр хузэщIэгъэуIуэным теухуа чэнджэщхэр ягъэхьэзырыну.

---

**«Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. «Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэхьын, Iэ тридзэн икIи хэIущIыIу ищIын папщIэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№247-П-П*

---

**«Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 6-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м***

**1-нэ статья**

«Егъэджэныгъэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м, 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къыдэкIам (правовой информацэм и официальнэ интернет-портал (www.pravo.gov.ru), и 6-нэ статьям и 18-нэ Iыхьэм хэт «и щIэныгъэм е и Iэзагъэм щыхьэт техъуэу кърата тхылъхэр, зэреджам теухуа тхылъхэр» псалъэхэм яужькIэ щIыгъун «, хамэ къэрал щыщ цIыхухэр курыт щIэныгъэ зэрырат программэхэм хурагъэджэну къащтэн папщIэ урысыбзэр зэрырагъэщIам теухуа къэпщытэныгъэхэм къыщагъэлъэгъуа зэфIэкIыр зыхуэдэр къэгъэнэIуэныр» псалъэхэр.

**2-нэ статья**

1. Мы Законым къару егъуэт ар официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м*
*№50-РЗ*

---

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэщIылIа Жылагъуэ советым хэтыр и пIалъэр къэмысу абы къыхэгъэкIыжыным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэщIылIа Жылагъуэ советым теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2018 гъэм мазаем и 22-м къыдигъэкIа Унафэ №838-П-П-мкIэ къащтам, и 3.6-нэ пунктым и 1-нэ пункт къуэдзэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэщIылIа Жылагъуэ советым и пIалъэр къэмысу къыхагъэкIыжауэ къэлъытэн **Заруцкий Александр Станислав и къуэр**, **Тумановэ Еленэ Юрэ и пхъур**.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI**
**ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№252-П-П*

---

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2025 гъэм зэрылэжьам теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр 2025 гъэм зэрылэжьам теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Т. Б. ищIа докладыр къэлъытэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2025 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м*
*№254-П-П*



# Дызэгъусэу Iулъхьэм дыпэщIэтщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Хабаров Николай «Дызэгъусэу Iулъхьэм дыпэщIэтщ» социальнэ рекламэм и Дунейпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм ди щIыналъэм щыщу къыщыхэжаныкIахэм яритащ Урысей Федерацэм и прокурор нэхъыщхьэм къыбгъэдэкIыу къыхуагъэфэща щIыхь медалхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ.**

2025 гъэм зэхэта зэпеуэм щытекIуахэмрэ призерхэмрэ къыхахащ дунейпсо жюрим.

Илъэс 21 - 25 ныбжьым къриубыдэхэм я деж етIуанэ увыпIэр къыщихьащ Дхармараджан Судхакар игъэхьэзыра «Дызэгъусэу Iулъхьэм дыпэщIэтщ» видеороликым. Илъэс 21-рэ зи ныбжь щIалэр Индием щыщщ, Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентщ.

Ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ «Iулъхьэ зэIэпыхыныр щыдгъэIэнкъым» сурэтым. Ар и IэдакъэщIэкIщ а университетым и студент, Египетым щыщ, илъэс 23-рэ зи ныбжь Гариб Адел.

Илъэси 10 - 15 ныбжьым къриубыдэхэм я деж етIуанэ увыпIэр щыхуагъэфэщащ «Iулъхьэм текIуэ!» плакатым. Ар и IэдакъэщIэкIщ Налшык къалэм и гимназие № 29-м щеджэ, илъэс 12 зи ныбжь Мэхъуэш Дианэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**

**● ФIыщIэ**

# Зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI бзылъхугъэхэр

**ФIыщIэ псалъэ куэд яхуэфащэщ цIыхум и узыншагъэр хъумэным телажьэхэм. Узыншагъэр цIыхум бгъэдэлъ лъапIэнығъэ нэхъыщхьэщ, ауэ ар къыщыбгурыIуэр узым укъигъэдзыха нэужьщ. Апхуэдэхэм деж сымаджэм и гугъапIэ псори зрипхыр дохутырхэращ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэм мымащIэу ущрохьэлIэ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм. Апхуэдэ лэжьакIуэхэщ Налшык къалэ дэт поликлиникэ №1-м и дохутыр-терапевтхэу Жылэтеж ФатIимэ, Мэзыхьэ Риммэ, Маскуровэ Мариэттэ сымэ.**

ЗЫПЭРЫТ Iуэхум фIыуэ хэзэгъа лэжьакIуэщ мы бзылъхугъэхэр. Сэ ар си щхьэкIэ мызэ-мытIэу згъэунэхуащи, дэтхэнэми Iэзагъыщхуэ зэрыбгъэдэлъыр, зыпэрыт IэщIагъэм къыхуигъэщIауэ зэрыщытыр схужыIэнущ. Зэман кIэщIым къриубыдэу узыр зыхуэдэр къахутэри, абы узэрыпэщIэтыныр, узэрелэзэныр нэгъэсауэ яубзыху. Сымаджэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэр и чэзум игъуэтынымкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Дохутырыр, и Iэзагъэм къыдэкIуэу, цIыху гуапэуи щытын хуейщ, аращ абы и псалъэ къудейри хущхъуэу къыщIалъытэр. Псалъэ гуапэм и мыхьэнэр нэсу къызыгурыIуэ, цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ ФатIими, Римми, Мариэтти. Абыхэм дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуагъуэтыфрэ, гукIи псэкIи яхуэгумащIэу, я узыншагъэр зэрефIэкIуэжым щыгуфIыкIыу щытхэщ. Мы бзылъхугъэхэр зэIэзэхэм гуапэу яхущытщ, уи Iуэхур зыIутым гупсэхуу къедэIуэнурэ яхуэзэфIэкIыр къыпхуащIэнущ. Нэхъыщхьэращи, узэрыхъужынумкIэ фIэщхъуныгъэ къыпхалъхьэр, я псалъэ дахэхэмкIэ, гуапэхэмкIэ гукъыдэж къуатыф.

Жылэтеж ФатIими, Мэзыхьэ Римми, Маскуровэ Мариэтти цIыху гумащIэхэщ, щабэхэщ, гущIэгъу зыхэлъхэщ, яхь жэуаплыныгъэр нэсу зыхащIэу, я щIэныгъэкIи IэщIагъэкIи дэбгъуэн щымыIэу дохутыр нэсхэщ.

Узыншагъэм щымыщIэу, я лэжьыгъэм ехъулIэныгъэхэр щаIэу, я пщIэмрэ щытхъумрэ хэхъуэ зэпыту гъащIэм гу щахуэну сохъуэхъу а бзылъхугъэхэм.

**КIЭБЫШЭ Лилэ.**






# ЩIымахуэр нэжэгужэу



**Уэсым и дунейпсо махуэр е, нэгъуэщIу жытIэмэ, щIымахуэ лъэхъэнэм къерахьэжьэ спорт лIэужьыгъуэхэм я махуэр зыхуэгъэзар гъащIэр жыджэру етхьэкIынымкIэ щхьэпэ IуэхущIафэхэм гулъытэ хуэщIынырщ. А жэрдэмыр 2007 гъэм къыхэзылъхьауэ щытар Лыжэ спортымкIэ къэралхэм я федерацэрщ.**

СПОРТЫМ и щIымахуэ лIэужьыгъуэхэм я дунейпсо махуэр къезыхьэжьахэм нэхъыбэу зытрагъэщIар ныбжьыщIэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ гъэм и щIыIэгъуэми, щхьэх жыхуаIэр ямыщIэу, нэжэгужагъэми зыщамыгъэщIэу, жьы къабзэм нэхъыбэрэ зэрыхэтыным зытрахуэнырщ, щIымахуэм уэс къесыным и мыхьэнэмрэ а зэманым щIыуэпсым иIэ теплъэр зыхуэдэмрэ гу лъегъэтэнырщ.

Мы гъэм епщыкIутхуанэу екIуэкI Iуэхур, сытым щыгъуи хуэдэу, зрагъэхьэлIар щышылэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэрщ. Мы гъэм ар техуащ дызэрыт мазэм и 18-м. Къинэмыщ1ауэ, ЩIы Хъурейм тет бгы лыжэ зыгъэпсэхупIэ псоми, ди къэралым ейхэри яхэту, а махуэр зэдагъэлъапIэ.

Уэсым и дунейпсо махуэр хуэгъэпсащ гъащIэм и IэфIыр зэхыдзэзыгъащIэ, узыншагъэр езыгъэфIакIуэ щыIэкIэ-псэукIэ дахэм балигъхэри сабийхэри къызэрыхэтшэным.

## Псори зэзышалIэ

Уэсым и дунейпсо махуэм ди планетэм и щыпIэ куэдым Iуэхугъуэ удэзыхьэххэр къыщызэрагъэпэщ:

- спортым мы и лIэужьыгъуэм хуэIэзэ хъуахэмрэ щIэзыдзагъащIэхэмрэ папщIэ зэхьэзэхуэхэр;

- сноубордрэ лыжэкIэ къэжыхьынымкIэ мастер-классхэр;

- жьы къабзэм хэтхэм яхуэгъэза джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, псалъэм и хьэтыркIэ, уэсым къыхэщIыкIа быдапIэхэр ухуэнымрэ Iуащхьэхэм IэжькIэ къежэхынымкIэ зэпеуэхэр;

- спортым и лIэужьыгъуэу щIымахуэм нэхъ къерахьэжьэхэмрэ уэсыр нэхъыбэу зытелъ щIыналъэхэм (экосистемэхэм) яхуэсакъын зэрыхуеймрэ ятеухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэIуах;

- «уэсым и фестиваль» зыфIаща гуфIэгъуэ зэхуэсхэм кIуэ балигъхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ лъэрыжэкIэ, лыжэкIэ, сноубордкIэ къэжыхьын зэпеуэхэр къыхузэрагъэпэщ.

Мы Iуэхум теухуауэ бгы лыжэ зыгъэпсэхупIэхэм щIымахуэкум хуэзэу щызэхаша зэхыхьэхэр япэ илъэсым (2012 гъэм) къэрал 20-м щIигъум щекIуэкIащ. Абыхэм ящыщщ бгы лыжэ спортымрэ зыгъэпсэхупIэхэмкIэ цIэрыIуэ дыдэ хъуа къэралхэу Швейцариер, Финляндиер, Къэзахъстаныр, Канадэр, Норвегиер, Германиер, Австралиер, Инджылызыр (Великобританиер), Польшэр, Украинэр, Тыркур, нэгъуэщIхэри.

ЕтIуанэ илъэсым зи гугъу тщIы фестивальым хуэдэхэр зэхэзыублэну гупыж зыщIа хэгъэгухэм я бжыгъэр 40-м нэблэгъат. 2020 гъэр къэтщтэнщи, Уэсым и дунейпсо махуэр къэрал 45-м щагъэлъэпIащ. Абыхэм яхэтар бгы лыжэ курортхэр лIэщIыгъуэкIэрэ здэщыIэ щIыналъэхэм (Швейцарием, Норвегием, Финляндием, нэгъуэщIхэми) я закъуэтэкъым, атIэ, апхуэдэхэр мащIэу фIэкIа здэщымыIэ е зимыIэххэ хэгъэгухэри (псалъэм папщIэ, Венгриер, Японием, Эстониер, уеблэмэ Пакистанри) къахыхьат.

## ГъэщIэгъуэнщ

- ЩIы Хъурейм щыпсэухэм я процент 50-м нэблагъэм я гъащIэ псом къриубыдэу уэс жыхуаIэр зэи ялъэгъуакъым, кIуэ сурэтрэ видеорэкIэ фIэкIа.

- Куэдыр щыхьэт техъуэфынущ мы дуней псом уэс налъитI я теплъэкIэ зэщхьу къызэрымыщемысым.

- Физик Нельсон Джон (Инджылыз) и псалъэхэм ятетщIыхьмэ, уэс налъэ къэс я зэхэухуэнэкIэр (дауи, щIэмыткIуkI щIыкIэ зэпэтплъыхьмэ) апхуэдизу куэдыщэу зэщхьэщокIри, я бжыгъэр (псори зэхэтлъхьэжмэ), телескоп нэхъ лъэрызехьэхэмкIэ нэм дигъэлъагъуфыну ЩIэншэм (Вселеннэм) пкъыгъуэжьей нэхъ цIыкIу дыдэхэм халъытэ атому узыщрихьэлIэнкIэ хъунум нэхърэ нэхъыбэщ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Мы махуэхэм

**ЩIышылэм и 17,** *щэбэт*

♦**1939 гъэм** къалъхуащ техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик **Щомахуэ Лев**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Темрокъуэ Анатолэ**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **ПащIэ Еленэ**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор **Темырдащ Зэуал**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, культурологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Къумахуэ Мухьэдин**.

♦**1984 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и журналист, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Фырэ Анфисэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 6 - 7, жэщым градуси 7 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**ЩIышылэм и 18,** *тхьэмахуэ*

♦**Урысейм и Дзэ-Хьэуа къарухэм я командованэ нэхъыщхьэм и махуэщ**

♦**1854 гъэм** къалъхуащ **ПащIэ Бэчмырзэ**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ, кинодраматург **Жылэтеж Сэлэдин**.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ Абхъазым, КъШР-м я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Акъ Мухьэрбэч**.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и Парламентым и депутату щыта, «УФ-м цIыхубэр егъэджэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэ нэхъыфI» цIэр зыхуагъэфэща, жылагъуэ лэжьакIуэ **Умэ Светланэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 5, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

**ЩIышылэм и 19,** *блыщхьэ*

♦**1847 гъэм** «Кавказ» газетым тридзащ Адыл-Джэрий СултIан и «Урыс-шэрджэс е адыгэ псалъалъэ, грамматикэ кIэщI щIыгъуу» тхыгъэр.

♦**1965 гъэм** Май посёлкэр къалэ ящIащ.

♦**2010 гъэм** Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1931 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, егъэджакIуэ Iэзэу щыта **Жылау Нурбий**.

♦**1974 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, КIэрашэ Тембот и цIыхыкIэ щыIэ саугъэтым и лауреат, АР-м щIыхь зиIэ и журналист **Дербэ Тимур**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 4, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 4-кIэ зихъуэжынущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**

# Артист гъуэзэджэ, унафэщI IэкIуэлъакIуэ

## Къумахуэ Мухьэдин и ныбжьыр нобэ илъэс 60 ирокъу

*Къумахуэ Мухьэдин Лалушэ и къуэр Аруан районым хыхьэ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм 1966 гъэм щIышылэм и 17-м къыщалъхуащ. 1990 гъэм абы къиухащ Щукин Борис и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэр. «Театрым, эстрадэм, кином я актёр» IэщIагъэр зэзыгъэгъуэтауэ зи хэку къэзыгъэзэжа Мухьэдин а гъэ дыдэм лэжьэн щыщIидзащ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. 1996 гъэм щегъэжьауэ а IэнатIэм дихьащ КъБР-м и Къэрал телерадиокомпанием и диктор, и редактор лэжьыгъэхэр.*

*1996 - 2000 гъэхэм ар щеджащ Герценым и цIэр зезыхьэ Урысей къэрал педагогикэ университетым и аспирантурэм. 2005 - 2010 гъэхэм Къумахуэр и унафэщIу щытащ Урысей Федерацэм и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм. 2009 - 2011 гъэхэм «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телевиденэм и унафэщIу щытащ. КъыкIэлъыкIуэу Мухьэдин къыхуагъэфэщащ КъБР-м ХъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ и къэрал комитетым и тхьэмадэ къулыкъур икIи ар илъэситIкIэ пщIэ пылъу ирихьэкIащ.*

*2012 гъэм КъБР-м хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ, жылагъуэ, дин IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ и министрым и къалэнхэр игъэзащIэри, 2013 гъэм а IуэхущIапIэм и унафэщI хъуащ. 2014 гъэм жэпуэгъуэм и 29 лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрщ.*

*Къумахуэ Мухьэдин емызэшыжу зэрылажьэр гулъытэншэ хъуакъым. И зэфIэкIрэ и къэухькIэ къихьауэ культурологие щIэныгъэхэмкIэ кандидатщ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артистщ, телевиденэ и лъэныкъуэкIэ Къэрал саугъэт къыхуагъэфэщащ, 2003 гъэм къыщыщIэдзауэ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.*

*Мухьэдин къыщалъхуа махуэр ди щхьэусыгъуэу зыхуэдгъэзащ, и гъащIэ, лэжьыгъэ, дуней еплъыкIэ тедгъэпсэлъыхьащи, къыджиIахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.*





КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэхэу Тхьэщыгъуей Жаннэрэ Чыхумахуэ ФатIимэрэ я гъусэу.

**- Нобэрей Къумахуэ Мухьэдиныр къызытехъукIа, къызэрытэджыкIа къуажэ щIалэ цIыкIур псалъэ е псалъэуха зыбжанэкIэ къэбгъэлъэгъуэфын?**

- Дэтхэнэ цIыхури зы къалэн гуэр иIэу къалъхуу, сэри апхуэдэ пщэрылъ сиIэу дунейм сыкъытехьауэ къысщохъу. ТIэкIу дыхэлэжьыхьыжыфу къыщIэкIынщ натIэм къритхауэ жыхуаIэм. Пэж дыдэу къуажэ щIалэ цIыкIур Лэскэн ЕтIуанэ сыкъыдэкIыу, Москва сыщеджэу, къэзгъэзэжу театрым сыщылэжьэну си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым, си гуи къэкIынтэкъым. Ауэ зэрымыщIэкIэ апхуэдэу къекIэрэхъуэкIащ, зэрыхъуами сыхущIегъуэжыркъым. Шэч хэмылъу, къару хэслъхьащ сыхуейти, сыдихьэхырти. ИгъащIэм сфIэмыфI, сфIэмыдахэ Iуэху схуэщIэркъым, гурэ псэкIэ сыбгъэдыхьэфыркъым. Зыгуэр сщIэмэ, абы сызыIэпишэу, гухэхъуэ къызиту аращ.

УщыцIыхукIэ угупсысэнкъэ?! Нобэр къыздэсым «мыпхуэдэу хъуамэ е нэгъуэщIу къыщIидзамэ» жысIэу зызогъэзахуэ зыгуэрхэр. И кIэм сызыхуэкIуэжыр зэрыхъун хуейм хуэдэу зэрыхъуаращ. СыхущIегъуэжыркъым си зы махуи, нобэ къыщIэздзэжарэ си гъащIэр къэспсэужами, ардыдэхэрат сщIэнур.

Сом къызыпэкIуэ IэщIагъэ жыпIэмэ, театрыр апхуэдэу схужыIэнукъым. Ауэ уи псэр зыгъэгумащIэ, зыгъэдахэ жыпIэмэ - мис ар нэхъ пэжщ. Театрым япэ къэсыр щIыхьэу щыджэгуфынукъым. Абы и утыкум уитын щхьэкIэ уи гум уIэгъэ телъын, уи псэр зыгуэрым игъэгузавэу, зыгуэрым хуэпабгъэу щытын хуейщ. А псор пхэмылъмэ, абы щыпщIэн щыIэкъым.

Артистым образ щищIкIэ, щыгъупщэжауэ къыщыхъу гуэр и щхьэм кърехыжри абы хелъхьэ. Зыри лъэужьыншэу ихуркъым цIыхугум жыхуэсIэщ. «Уи гъащIэм мыпхуэдэ плъэгъуакъым, дауэ узэрыджэгуар?» - щыжаIэ щыIэщ. Iэмал имыIэу уи нэгу щIэкIын хуейуэ аракъым, ещхь гуэрым и щытыкIэ уи щхьэм илъщи, ар къыбогъэсэбэп.

Сценэм уитыну мыбдеж щылъкъым, ар цIыхум хуэдэщ - уиIэтынкIи хъунущ, уриудыхынри зыхуэIуа щыIэкъым. Утыкум «хьэл-щэн» иIэщи, абы утемыхуэмэ, къобзэджэкIынущ. ЕджапIэм япэ дыдэу дызыщыхурагъэджар ахэращ - сценэм къыпхуимыгъэгъунхэрщ.

Дэ псори дыцIыхущ, хьэл дахэ защIэ зыхэлъ щыIэкъым. Аращ артистыр гъунэгъуу пцIыхун щIыхуэмейр. Утыкум иту фIыуэ плъагъурэ - фIы дыдэщ, гъунэгъуу къэпцIыхумэ уигу иримыхьын хьэл гуэрхэр дэплъэгъункIэ хъунущи, абы ухуейкъым. Языныкъуэхэм я гъащIэр тхылъ зэIухам хуэдэу зэрыщытым фIы къахуихьу си фIэщ хъуркъым.

**- Роль дапщэ бгъэзэщIа хъун? Иджыпсту къэбджэгуну узыщIэхъуэпс щыIэ?**

- Зэи сыбжыну сыхэтакъым, апхуэдэу зыщIхэри сфIэгъэщIэгъуэнщ. Къызатым соджэгу...

Роль гуэр щIэмыхъуэпс драмэ актёр щыIэкъым. Зыгуэрым ухуэпэбгъэн, ухущIэкъун хуейкъэ?! КъызэрызгурыIуэмкIэ, уи амплуам техуэ ролыфI ухуейщ. Сэ гушыIэмкIэ нэхъ срагъэзми, сыт хуэдэ роли соджэгу. Сызыхуейр мырщ жысIэу пыухыкIауэ сщIэркъым, псэр игъэгузавэу роль щIагъуэщ къэслъыхъуэр.

Пэжыр жысIэнщи, ар нэхъ тыншщ цIыхур бгъэдыхьэшхын нэхърэ, ауэ уи псэр бгъэлэжьэну ухуеймэ, дыхьэгъращ ущыджэгупхъэр. Спектаклым цIыхур щыкIуэкIэ зы артист гуэрым и джэгукIэм а IуэхущIапIэм зэришэр псоми дощIэ. ЖыпIэр, пщIэр япкърыхьэмэ, нэхъыфIу улэжьэным утрегъэгушхуэ.

Зэчий гуэр зыбгъэдэмылъ зыри щыIэкъым, ар къэпхутэн, абы зебгъэужьын хуейуэ аращ. Ар псынэм хуэдэщ, укIэлъымыплъмэ, зыхуей хуумыгъазэмэ, гъужыпэнри хэлъщ.

**- ЦIыхум и хьэл-щэным щыщу сыт хуэдэра нэхъ бгъэлъапIэр, дэтхэнэр нэхъ гущыкIыгъуэ уи дежкIэ?**

- Хьэл мыхъумыщIэ гуэрхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, псоми тхэлъщ. Ар тщIэжу, зыми зэран дызэрыхуэмыхъуным дытелажьэу щытмэ, иджыри дыкIуэдакъым. Мыр фIыт, мор Iейт жысIэнукъым, узыгъэдахэр зэрыщыту хьэлыфIщ, узыгъэпудыр зэрыщыту хьэл мыхъумыщIэщ. ПхузэфIэкIыххэрэ - етIуанэр пыгъэху, адрейр къэгъани утыншынущ.

**- IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ упэрытащ, Мухьэдин. Абыхэм яхэт узыхуехъуэпсэкIыж?**

- Сэ дэкIуеипIэм сытетым ещхьу сымыпIащIэу сыбакъуэурэ гъащIэм сыкърикIуащ, гъащIэм и дерс гуэр абыхэм къыхэсхыурэ нобэм сыкъэсащ. А дерсыр уимыIэу, дунейм теткъым узэрылэжьэфын. Зыгуэрым и щыуагъэр плъагъурэ «мыпхуэдэу сэ сщIэнкъым» жыпIэмэ, иджыри улажьэ хъунущ. Си гур, си псэр къыщызмыгъэна лэжьыгъэ сиIакъым сэ. НетIи жысIаи, сфIэмыфIу зы Iуэхуи схуэлэжьынукъым. Сыти къэзгупсысынущ ар сымыщIэн щхьэкIэ. Сигу къэкIыжа гуэр бжесIэни. Си анэ дэлъху сызыпIыжар щыдэкIкIэ «кхъыIэ, мо тIэкIур щIэ» жиIэрт. Сытри сщIэрт, ауэ сэ езым сымылъагъу щIыкIэ а къызжаIар схуэщIэртэкъым. Зэман дэкIа иужьт ар щысхузэфIэгъэкIыжыр. Абы ещхьу, сфIэмыфI Iуэху сыхэлэжьыхьыну си гум идэркъым. Си щхьэ сыщытхъужу къащыхъуну сыхуейкъым, ауэ дэнэ сыщылэжьами, гум, псэм къыбгъэдэкIыу, сфIэфIу IэнатIэм сыпэрытауэ къысщохъу.

**- Нэхъыбэ дыдэрэ узыпэрытар министр IэнатIэрщ, Мухьэдин. Абы ехьэлIауэ зэбгъэхъулIауэ узыщыгуфIыкIыу, уи Iэр хунэмысауэ уригумэщIу сыт къыхэбгъэщын?**

- НобэкIэ Iуэхушхуэ яужь дитщ. Республикэм ит щэнхабзэмкIэ унэхэр, сабий макъамэ школхэр зэгъэпэщыжыным, зэфIэгъэувэжыным ехьэлIауэ. Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэр зэфIэкIыу зыхуей хуэза IуэхущIапIэм щылажьэхэр къыщIыхьэжа иужь, уи фIэщ хъумэ, си щхьэм хуащIам хуэдэу сыщогуфIыкI. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зэман кIыхькIэ гулъытэншэу щыта ухуэныгъэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэбгъэпэщыжыныр мыбдеж щылъкъым.

Иужьрей илъэс зытхухым куэд тхузэфIэкIащ. Абы ди щIыналъэм и Iэтащхьэм и фIыщIэшхуэ хэлъщ - ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIи улахуэм ехьэлIауи егъэлеяуэ къыддоIэпыкъу.

Къуажэ клубхэмрэ абыхэм щыIэ IуэхущIапIэхэмрэщ нэхъыбэу зи иужь дитар иджыри къэс, куэд щIакъым район центрхэм щыIэхэм яужь дызэрихьэрэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, сабий макъамэ, гъуазджэ школу тIощIрэ хырэ диIэмэ, абыхэм я утыку, я къудамэу щыIэр хыщIым щIегъу. Ахэр къуажэхэм щызэбгрыдзащ. Къапщтэмэ, Дзэлыкъуэ районым и макъамэ школ нэхъыщхьэр Малкэ дэтщ. Дзэлыкъуэ къуажэм, нэгъуэщI жылэхэм щыIэхэр абы едзылIауэ лажьэу аращ. Апхуэдэ дыдэу район къэсыху щыIэщ.

Зы щIыпIэм щызыдогъэпэщыж, нэгъуэщIым щIэ дыдощIыхь. Къэзгъэлъэгъуэнщи, Анзорей дэт макъамэ школыр егъэлеяуэ инщ, дахэщ, курыт еджапIэщIэ ящIу ягъэIэпхъуа иужь, а унэр зэдгъэпэщыжауэ аращ. Тэрчи апхуэдэуи щызэдгъэпэщыжащ. Мы гъэмрэ етIанэгъэрэ макъамэ школу тIу дыухуэнущ: зыр Налшык, адрейр Iуащхьэмахуэ районым и Гундэлэн къуажэм.

А школхэм щеджэну хуейхэр къыхэтхыкIауэ щытщи, уеблэмэ чэзур къащылъымыс къохъу. Псори щIэтIысхьэфамэ, ахьейми нэхъыфIт! Ауэ зы лъэныкъуэкIи сыщогуфIыкI а Iуэхум: фIыкIэ, щIэныгъэкIэ, а жыхуэтIэж талантымкIэ дызыгъэгушхуэ щIалэгъуалэ къызэрытщIэхъуэм. ЦIыхухэр зэрыхуейр, абы зэрыхуэныкъуэр щыплъагъукIэ, нэхъыбэ тщIарэт дауэ зэрыжумыIэнур?! Егъэлеяуэ сабий дахэ, сабий губзыгъэ, IэщIагъэ телъыджэ зэзыгъэгъуэтыфынухэр диIэщи, си щхьэр лъагэу сагъэлъагъуж.

**- Апхуэдэ школ нэхъыбэ диIэхукIэ, сабий нэхъыбэ абыхэм екIуэлIэхукIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм и къэухьми нэхъ зиужьынут, дахагъэм нэхъ хэгъэсыкIа хъунут, дауи...**

- Пэжщ. И дуней еплъыкIэри нэгъуэщIщ апхуэдэм. Ди деж къакIуэ сабийм Iэмал имыIэу щыткъым гъуазджэм, щэнхабзэм я лэжьакIуэ къыхэмыкIыну. Ауэ абы хэплъхьэ хьэл-щэныр, щэнхабзэр къыщымысэбэпын IэнатIэ щыIэкъым.

**- Щэнхабзэ, гъуазджэ Iуэхушхуэу сыт къехъулIэну ухуейт ди республикэм?**

- Псом япэу гъуазджэм и лэжьакIуэхэр гъэхьэзырын хуейщ. Зы цIыхум и пIэ нэгъуэщI къимыувэмэ, куэд тфIокIуэд, зэманым зэпиудар зэпыбгъэувэжыну гугъу дыдэ мэхъу. Мис ар къэтлъытэу уэрэджыIакIуэхэр, къэфакIуэхэр, артистхэр, сурэтыщIхэр, нэгъуэщI IэщIагъэлIхэр увыIэгъуэ имыIэу едгъэджэн, дгъэсэн хуейщ. Ди насыпщи, ГъуазджэхэмкIэ институтыр диIэщ, абы къищынэмыщIауэ, Москва дгъакIуэурэ идогъаджэри, апхуэдэ театр студие иджыри зэхуэтшэсыну дигу илъщ. Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм дыкъигъэгугъауэ щытщи, зэман гъунэгъум ар зэфIэкIыну къыщIэкIынщ.

Ахэр зэрылэжьэн Iэмэпсымэ ирехъу, я щыгъынуи, утыку зэрагъэдахэуи, нэгъуэщI- къинэмыщIуи щрети, а псом щэнхабзэ дахэр нэрылъагъу зыщI теплъэ яIэн хуейщ. Мыдрейуэ, я улахуэр и щIэдзапIэщ абыхэм я лэжьыгъэр тыншу, гукъыдэж яIэу зэрагъэзэщIэнуми, ар узытемыукIытыхьу щытыпхъэщ. Нобэ щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр зыхуей зэрыхуэдгъазэр къэбгъэувыIэ хъунукъым, ауэ а Iуэхум нэхъ тедгъащIэу иджыпсту зи гугъу сщIахэр Iэпэдэгъэлэл тщIынкIэ Iэмал иIэкъым.

**- ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ, Мухьэдин, зэрыжаIэу! Мураду, хъуэпсапIэу уиIэм мащIэу и гугъ къытхуэпщIын?**

- «Куэбжэ» псалъэм сигу къигъэкIыжащ... Мы си лэжьапIэ пэшым и щхьэгъубжэм удэплъа иужь Гуащэ театрым и куэбжэм уIуоплъэ-тIэ. Ар дахэ цIыкIуу едгъэщIауэ зэрыщытам, унэ бгынэжам и теплъэ зиIа IуэхущIапIэр нэр игъэгуфIэ, сабий кIуапIэ зэрыхъужам хуабжьу сыщогуфIыкI. Сабийхэр къэгъэнауэ, дэ балигъхэми ди фIэщ хъууэ гуащэхэр ягъэджэгу абы и лэжьакIуэхэм. ЕфIэкIуэну си гуапэщ!

Уи упщIэмкIэ къэзгъэзэжынщи, дэтхэнэ зы цIыхуми зы гугъапIэ-хъуэпсапIэ гуэрхэр иIэщ. А псори бжесIэнкъым, ауэ нобэ сызыпэрыт IэнатIэм слъэкI къэзмыгъанэу сыщылэжьэну, къетхьэжьа псор нэгъэсауэ слъагъуну сыхуейт. Мыдрейуэ, «уей-уей Къэбэрдей-Балъкъэр щэнхабзэ!» жедгъэIэну сыщIохъуэпс. Ар ноби жаIэри, дыхущIемыгъуэжу дгъэкIуэтэну сыхуейт.

Дэнэ сыщыIами, дэнэ сыщылэжьами цIыхуфI хуэзэныр си натIэщ. СыщыщIалэ цIыкIум щегъэжьауэ сиущийуэ, сиунэтIу, уеблэмэ къысхуэгузавэу, къыздэIэпыкъуу зыгуэр сыхуэмызэу, къыскъуэмыту зэи къэхъуакъым. Нобэ сызыхэт гупри сыкъамыгъэщIэхъуу, фIы дыдэу мэлажьэ. НэхъыфIыж хъуну ухуей жыпIэмэ, уэлэхьи, сыхуейм икIи хъунухэм. СызоплъэкIыжри, си къулеягъэ нэхъыщхьэр ныбжьэгъукIэ, лэжьэгъукIэ си насып къызэрикIарщ. Сигурэ си щхьэрэ зэтелъу ар жысIэну Iэмал къызэзыта цIыхуфI псори я хъуэпсапIэ лъэIэсыну сыхуейщ.

**- Упсэу, Мухьэдин. Уи цIэр щэнхабзэм и тхыдэм къыщIыхэнэн куэд дяпэкIи пхузэфIэкIыну си гуапэщ.**

*Епсэлъар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щIышылэм и 19

### 1

05.00 «Доброе утро»
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.25 «Модный приговор» (0+)
10.15 «Жить здорово!» (16+)
11.00, 12.15, 18.30 «Время покажет» (16+)
14.00, 17.00, 23.00 «Большая игра» (16+)
15.15 «Давай поженимся!» (16+)
16.05 «Мужское/Женское» (16+)
18.00 Вечерние новости
19.50 «Пусть говорят» (16+)
21.00 «Время»
22.00 Т/с «ЗА ПОЛЧАСА ДО ВЕСНЫ» (16+)
00.10 «Время героев» (16+)
01.10 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
03.05 ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

05.00 Утро России
09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00 Вести
09.30 Местное время
09.55 О самом главном (12+)
11.30 Вести. Местное время
12.00 «60 минут» (12+)
14.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
17.00 «Малахов» (16+)
18.00 «60 минут» (12+)
21.10 Вести. Местное время
21.30 Т/с «ЛИМИТЧИЦЫ. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
23.40 Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
02.15 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)
03.30 Т/с «РАЙСКИЙ» (16+)

### НТВ

04.45, 08.25, 10.35 Т/с «ПЕС» (16+)
06.30 «Утро. Самое лучшее» (16+)
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.10 «Сегодня»
13.25 «Чрезвычайное происшествие»
14.00 «Место встречи»
16.45 «За гранью» (16+)
17.50 «ДНК» (16+)
20.00 Т/с «ПЕРВЫЙ ОТДЕЛ» (16+)
22.15 Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
00.30 Т/с «ПАУТИНА» (16+)
03.55 Д/с «По следу монстра» (16+)

### ЗВЕЗДА

05.00 Х/ф «БЕЛЫЙ СНЕГ» (16+)
07.00 «Сегодня утром» (12+)
09.00, 13.00, 17.00 Новости дня (16+)
09.15 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
11.00 Д/с «Перелом. Хроника Победы» (16+)
11.30, 13.25 Х/ф «РАЗМАХ КРЫЛЬЕВ» (16+)
13.55, 15.05, 17.15 Т/с «ЖУКОВ» (16+)
15.00 Военные новости (16+)
18.50 «Специальный репортаж» (16+)
19.00 Новости дня (16+)
19.55 «По горячим следам» (16+)
20.10 «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
21.00 «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
22.45 «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
23.15 Х/ф «СУМКА ИНКАССАТОРА» (16+)
00.55 Х/ф «БЕСПОКОЙНОЕ ХОЗЯЙСТВО» (16+)
02.20 Д/ф «Ополченцы. Мелодия памяти» (12+)
02.55 Д/с «Освободители» (16+)
03.35 Т/с «ЖУКОВ» (16+)

### РОССИЯ К

06.30 Лето Господне
07.15 Черные дыры. Белые пятна
07.55 Д/с «Невский ковчег. Теория невозможного»
08.25, 22.15 Т/с «МЕГРЭ» (16+)
10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.55 Новости культуры
10.15 Наблюдатель
11.10, 01.00 «ХХ век»
11.45 Д/ф «Доживем до понедельника». Счастье - это когда тебя понимают»
12.45 Новости. Подробно. АРТ
13.00 Д/ф «Колонна для Императора»
13.50 «Острова»
14.30 Х/ф «КАПИТАН НЕМО» (16+)
15.45 Д/ф «Вся красота в прямой линии»
16.30 Д/с «Передвижники»
17.15 Кристальные истории
17.35 Мастера российской концертной сцены
18.30 Рассказы из русской истории
19.45 Главная роль
20.05 Правила жизни
20.35 Спокойной ночи, малыши!
20.50 Больше, чем любовь
**Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ «Кавказ Ищхъэрэм и Урысей сетхэр» – «Къэббалъкъэнерго» акционер IуэхущIапIэм Шэрэдж районым электросетхэмкIэ и къудамэм и унафэщI Жангоразов Хь. Ш. илэжь хабзэншагъэр. Абы и къулыкъур къигъэсэбэпри, щIыналъэм щыIэ хуабэщ комплексхэм я зым электрокъаруузэ игъэкIуэщIыр къыщригъэпщытэм хабзэм ебэкъуащ.**

КъБР-м и Шэрэдж район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Жангоразов Хь. Ш. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 285-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи къуэды тралъхьащ. Абы хэщIыныгъэр нэсу ипшыныжащ.

# ГъэпцIакIуэхэм суд тращIыхь

**Адыгэ Республикэм и Мейкъуапэ къалэ судым и унафэ зэкIэ къару зымыгъуэтам ипкъ иткIэ, Кадыровэ Л. В. ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 174.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «а» пунктым къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэмкIэ.**

АБЫ илъэси 5 тралъхьащ, къызэрыгуэкI колонием щигъэкIуэну, къуэдыри ипшыныжыну; Курданов У. Д. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 286-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «в» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр илэжьауэ икIи илъэси 5 тралъхьащи, тезырхэр щрахьэкI колоние къызэрыгуэкIым щрихьэкIынущ, къуэдыри ипшыныжынущ, абы щIыпIэ самоуправленэм и IэнатIэхэм илъэси 2-кIэ къулыкъу щищIэну хуиткъым.

КъБР-м щыIэ УФСБ-м и лэжьакIуэхэм зэраубзыхуащи, суд зытращIыхьахэм «IуащхьэмахуэлъапэI» лъэпкъ паркым, хэIэтыкIауэ яхъумэ щIыуэпс щIыналъэм хабзэншагъэкIэ щIы кIапэ щаубыдащ, кIапсэ гъуэгу абдеж щаутIыпщ хуэдэу къагъэлъагъуэри. Абы кърикIуащ сом мелуан 30-м щIигъу хэщIыныгъэ.

# Кърымыр нэхъапэм

**Нобэ Кърыму тцIыху щIыналъэм 8-нэ лIэщIыгъуэм къыщызэрагъэпэщауэ щытащ Константинополь патриархатым и зы къудамэу Гъуэт епархиер. Феодорэ зыфIаща щIыналъэм и члисэ лэжьакIуэхэм яIурылъыр пасэрей герман лъэпкъыжьхэр зэрыпсалъэу щыта бзэрт. ИужьыIуэкIэ, 9-нэ лIэщIыгъуэхэм, алыджыбзэр къызэдащтащ. ХытIыгум лъэпкъ куэд щызэхэст, сондэджэр бжыгъэншэхэр къекIуалIэрт, ахэр зэрызэгурыIуэн зы бзэ яIапхъэти, гъуэтыбзэр къыхахауэ, псоми яIурылът. Арами, а зэман жыжьэм хытIыгум щыIурт адыгэбзэри!**

15-нэ лIэщIыгъуэм ирихьэлIэу хытIыгур щIыналъэ 26-кIэ гуэшауэ, я дзэ яIэжу, мывэ къалэхэмрэ чэщанэ лъагэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ щIыпIэ телъыджэ къызэрыгъэхъуащ. Абы и Iуфэм щызэхэзекIуэрт пасэрей хьэрычэтыщIэхэмрэ сондэджэрхэмрэ. 1475 гъэм хытIыгум тест цIыху мин 200-м щIигъу.

ЗэрыжытIауэ, «Кърымыжьым» иса лъэпкъхэм яхэтащ адыгэхэри. Уеблэмэ хытIыгум и щIыналъэ 26-м я зыр (Керч нэхъ и гъунэгъуу) адыгэ уэркъ Миллен ейуэ щытащ. Феодорэ и нэхъ зыужьыгъуэм дзэ-политикэ зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIащ хы мыдрыщI къыщыс Адыгэ хэкум (Черкесие) ис адыгэхэм. Апхуэдэу хытIыгум куэду Iэпхъуащ ди лъэпкъэгъухэри, къущхьэхэри (аланхэр), ермэлыхэри, нэгъуэщIхэри.

Адыгэр дэнэкIэ щыIами и Iэщэ-фащэкIэ, хабзэкIэ, хьэлкIэ кърипцIыхужыну псоми къахощхьэхукI. Кърымыжьым и тхыдэм къыхощыж адыгэлI хъыжьэхэр. Шэрджэсхэр зауэлI хахуэу зэрыщытым къыхэкIкIэ, ахэр хъумакIуэу къащтэрт генуэз сондэджэр къулеижьхэмрэ иужькIэ хытIыгур зыубыда монгол бейхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, Къаффэ адыгэ хьэблэ иIэт, Къарэсубэзэр пэмыжыжьэу, бгылъэмкIэ - Бахъсэн къуажэр щыст.

Адыгэ уэркъхэм я къулыкъур екIурэещхьу зэрырахьэкIым къыхэкIыу, Феодорэ и унафэщIхэм абыхэм къыхуагъэфащэрт лъапсэ къещIэкIахэр, щIы пшэрхэр, абыхэм къепха жылэхэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ щIыгъуу. Абы щыхьэт тохъуэ щIыналъэ зэпылъыпIэхэм деж щыса, Кърымыжьым и гъунапкъэхэр зыхъума адыгэхэм я Iэщэ, хьэкъущыкъу, фащэ, Iэмэпсымэхэр къызэрыщагъуэтыжар. Феодорэ и къалащхьэми - Мангуп Къалэ - адыгэ зауэлIхэм увыпIэшхуэ щаубыдырт. Къалэмрэ абы и унафэщIымрэ зыхъумэр адыгэ защIэт, дзэ-политикэ и лъэныкъуэкIэ унафэ зыщIхэм шэрджэс уэркъхэри яхэтт. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, Мангуп Къалэ удэмыхьэ щIыкIэ жэней адыгэ жылэ щысащ. Жэней цIэр зэрихьэу ауз Кърымыжьым зэрыщыIар абы щыхьэт тохъуэ.

Адыгэ зыдэса щIыпIэхэм я цIэр зэрахьэу лIэщIыгъуэ куэдкIэ къекIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, Бахъшысэрей щIыналъэм хиубыдэ Черкес Кермен (Шэрджэс БыдапIэ) жылагъуэр 1945 гъэращ щыкIуэдыжар. Феодорэ и ищхъэрэ гъунапкъэм деж щыса адыгэхэр зыIус Бэлбэч псым и зы къудамэм Къэбартэ фIащауэ щытащ. Иджыри зы щIыпIэ - нобэкIэ ГолубинкэкIэ зэджэр - пасэрей зэманым Фоты-къалэ (фо зыт) адыгэ жылэу щытащ. Ди лъэпкъэгъухэр зэрыщыпсэуам щыхьэт техъуэ хьэпшыпхэр къыщыщIахыжащ Сюйрен быдапIэм, Алустон, Фунэ, Кучук-Ламбатэ, Чембало нэгъуэщI щIыпIэхэми. КъищынэмыщIауэ, Партенитрэ Алуштэрэ я зэхуаку дэлъ щIыналъэм адыгэ уэркъ и тету, абы и шыпхъур Феодорэм и унафэщIым и щхьэгъусэу зэрыщытам щыхьэт техъуэ тхыгъэхэр къыхэнэжащ тхыдэм.

Иджы упщIэ къоув... Щхьэ къиIэпхъукIа адыгэхэр я Iуэху щыдэкI, пщIэ къыщыхуащI, щалъытэ щIыпIэм?

Тырку сулътIанхэр КъърымымкIэ къыщыIэбэм, ар яхьэхуну къыщебгъэрыкIуэм, хытIыгум и хъумакIуэу къэуващ абы тес адыгэ дзэхэр. Тхыгъэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, уэру къызэрехьэжьа тыркудзэм пэлъэщакъым Феодорэ щыпсэуа ди лъэпкъэгъухэр. ЗэрыпхъуакIуэр куэдкIэ нэхъыбэт. АдрыщI адыгэхэм я нэхъыбэм я щхьэр халъхьащ а зэхэуэ гуащIэхэм. Къэнэжа Iэбжьыбым зызэщIакъуэри, хэкум къекIуэлIэжащ. ИщхьэIуэкIэ зи гугъу тщIа Къэбартэ псы Iуфэм Iуса адыгэ жылэм а лъэхъэнэращ хэкум къыщигъэзэжар, Инал Нэху пщышхуэр зыщыщри ахэрауэ хуагъэфащэ тхыдэджхэм.

Абдежым щиухакъым хытIыгум теса адыгэхэм я тхыдэр. Феодорэ щIыналъэр тыркухэм яубыду Кърым хъаныгъуэр яухуа нэужь, Кавказым икIыурэ адыгэхэр жылэ-жылэу абы Iэпхъуэн щIадзащ, дзэм къулыкъу щащIэну, хъаным къуэувэну. Апхуэдэу къэщIэрэщIэжащ Бахъшысэрей щIыналъэм щыпсэуа адыгэ къуажэхэр. Абыхэм яхэтIысхьэжащ адыгэ малъхъэ хъуа генуэзхэри. Хуэм-хуэмурэ генуэзхэр адыгэхэм къахэшыпсыхьащ, ди бзэри ди хабзэри къащтащ. Хъанхэми адыгэ малъхъэ защIурэ, дзэ-политикэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэрт.

«ХытIыгум тесщ нэгъуэщIыбзэкIэ псалъэхэр, абыхэм ящыщуи кърым хъаным къыхихащ шабзауэ Iэзэу цIыху 800. Сыт хуэдэ Iэщэ лIэужьыгъуэри телъыджащэу зыгъэIэкIуэ, зи бгъэгум шэ хьэзыр илъ адыгэ зауэлIхэрщ ахэр. И лъэ къызэрихькIэ жэ шым тес адыгэ шум дзапэкIэ къеузэдыф фочыр, апхуэдизкIэ зауэм хуэIэзэщи. ЦIыхубзхэм пщIэшхуэ хуащI абыхэм. Бзылъхугъэ ялъэгъуамэ жьыи щIэи зыкъаIэт, абыхэм я лъэIур - унафэм хуагъадэ. ЦIыхубзым и IэлъэщIыр зэтрихамэ, зауэр ягъэувыIэ адыгэхэм. Абыхэм я бзылъхугъэхэр апхуэдизкIэ дахэщи, нэхъ лъапIэу ящэхури гаремхэм яшэ. Уэркъ пщащэхэр Кавказым, Европэм, Азием, Африкэм и унафэщIхэмрэ тетхэмрэ щхьэгъусэу иратри, политикэ зэгурыIуэныгъэхэр нэчыхькIэ ягъэбыдэж. Хамэ щIыпIэ гуащэ щыхъуну ирагъэжьа бзылъхугъэм къызыхэкIа лъэпкъым щыщ цIыхухъухэри щIыгъущ, а къэралым къулыкъу щрахьэкIыну», - итхыжащ а лъэхъэнэм Кърымым щыпсэуа тырку зыплъыхьакIуэ Челеби Эвлия.

Кърым хъанхэм Адыгэ хэкур зэрыщыту я унафэм щIагъэувэну хэту илъэс куэдкIэ къезэуащ. Нэхъыбэрэ зытеуэри къэбэрдейхэрат. А зауэ гущIэгъуншэхэм я Iэужьу Кърым хъаныгъуэм къыщыхуташ адыгэ щхьэхуимытхэмрэ гъэрхэмрэ. Хъаныр щIэхъуэпсырт Мысырым щыIэ адыгэ мамлюкхэм ещхьу дзэ къызэригъэпэщыну. Апхуэдэу, адыгэ щхьэхуимыт защIэкIэ къызэгъэпэща дзэшхуэ (мин 12) къыщIэуват кърым хъаным. ЛIэщIыгъуэ зыбжанэкIэ екIуэкIа кърым-адыгэ зэпэщIэтыныгъэм кIэ игъуэтащ 1708 гъэм, Къэнжал зауэм адыгэхэм хъаныдзэр щызэтраукIа нэужь.

Адыгэхэр Кърымым исащ 1783 гъэ пщIондэ. Хъаныгъуэр щэщэжа нэужь хэкум къагъэзэжащ абыхэм.

**ФЫРЭ Анфисэщ.**



# Ди щIыпIэцIэхэр



## Гъуай

ЩIыпIэцIэхэр джыным илъэс куэдкIэ яужь ита КIуэкIуэ Жэмалдин зэригъэувамкIэ, фIэщыгъэм и япэ Iыхьэр хуэтхь хъунущ хы ФIыцIэ Iуфэм Iуса «гъуае» адыгэ лъэпкъыу натхъуэджхэмрэ шапсыгъхэмрэ яхэзэрыхьыжам зэреджэу щытам.

ПсыфIыпс (ПсыфI, ПсышIо, Псезуапсе) зи фIэщыгъэ псым (Лазаревск ипщэкIэ хы ФIыцIэм холъадэ) Iусыгъа къуажэми (адыгэхэр ирахуу, урысхэр абдежым итIысхьа иужь «Алексеевкэ» хъужам) а цIэр зэрихьэрт.

«Гъу(н)», «гъуа» псалъэхэм къытехъукIагъэнущ «гъуей» жыIэкIэри.

Абы дэ, къэбэрдейхэм, зэрытщIэщи, къидгъэкIыр «мэз дахэ-дахэу зэрымыт» мыхьэнэращ.

## Гъоекъуэтх (Гъуаекъуэтх, Гоекотх)

Псалъэ зэхэтыр зэпкърытхмэ, лъахэхутэхэм къалъытэр «гъуае лIакъуэр зыдэс къуэм декIуэкI шытх» жиIэу къикIыу. Мы сэнтхыр Псыущхъуэ Ин (ЩIоикъуФIеикъуэ) шапсыгъ къуажэ цIыкIум и Iэгъуэблагъэм щыIэщ.

## Гъое къуладж (Гъуае къуэладжэ)

КъикIыр нэрылъагъущ: «гъуае лIакъуэр зыдэс ныджэ е тIуащIэ» жыхуиIэщ. А цIэ дыдэр зэрехьэ ищхьэкIэ зи гугъу тщIа Алексеевкэ урыс къуажэ цIыкIум деж ПсыфI (ПсышIо) щыхэлъэдэж псы бгъунжым. «Гъуае къуэладжэр» къыщожьэ Дыгъугъутх бгым деж.

## Гъуэтх

Бгым ущхьэдэзышу ТIуапсы къалэм ухуэзыунэтI гъуэгум декIуэкI тхыцIэщ, метр 336-рэ и лъагагъщ.

ИщхьэкIи зэрыщыжытIащи, «гъуае» фIэщыгъэ зэрихьэрт шапсыгъхэм (хэти натхъуэджхэм жаIэ) халъытэу къекIуэкIа лIакъуэ щхьэхуэм. ЩIыпIэцIэм и япэ Iыхьэр абы къытехъукIауэ къэзыбжхэр щIыщыIэри аращ.

АтIэми, бзэщIэныгъэм ирилажьэхэм къагъэлъагъуэ етIуанэ еплъыкIэм дытехьэмэ, фIэщыгъэм и япэ Iыхьэр къызытехъукIагъэнур, «жыгбэгуц банапцIэр щытепщэ» е «жыг дахэ-дахэу зэрымыт мэз» мыхьэнэхэр къызэрыкI «гъуэш» псалъэрщ. Ауэ щыхъукIи, «Гъуэтх» щIыпIэцIэр зэрыщыту зыхуэгъэкIуапхъэр «мэз цIырхъ шытх» жыхуиIэрщ.

## Гъуакъуэ - Георгиевскэ

ТIуапсы и Iэхэлъахэм щыIэ Георгиевскэ къуажэм адыгэхэр зэреджэу щытар Гъуакъуэщ. Псалъэр Iыхьитlу зэхэтщ: «Гъуэны»-рэ, «къуэ»-уэ. «Гъуэны» жыIэкIэр кIахэ адыгэхэр бжьэ матэхэм Iугъуэ зэрыщIагъэу удз лIэужьыгъуэу дэ, къэбэрдейхэм, «жыгкугъу» (омела белая) жыхуэтIэрщ. ЕтIуанэр зыхуэтхь хъунури гурыIуэгъуэщ.

Зи гугъу тщIы къуажэр Псынэкъуэ (Пшенаха) зи фIэщыгъэ псыхъуэ цIыкIуу ТIуапсы и тIуащIэм егъэщIылIам Iусщ.

## Гъуапэжь

ТIуапсы къалэм егъэщIылIа Iэхэлъахэм щыIэ бгылъэ шытхщ, ЦIэпс (Цыпка, ПцIэпс) къуажэ цIыкIум ипщэ-къухьэпIэмкIэ къыдекIуэкI лъагапIэщ.

Гъуапэжь псалъэр Iыхьитlу зэхэтщ: гъуап (гъуапэ) - Iэгъуапэ мыхьэнэм хуэдгъакIуэ хъунымрэ «жьы» - «ин», «инышхуэ», «зэрыщыIэрэ зэманыфI дэкIа» егупсысыкIэм тедгъахуэмрэу. Мы щIыпIэм щыIэ бгъуэнщIагъхэм я нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэми «Гъуапэжь» цIэр зэрехьэ.

Мыри къыжыIэпхъэщ. «Бдзэжьей» псалъэм пагъакIуэу кIахэ адыгэхэм «пцIэ» жыIэкIэри яIэщ. Аращи, щIыпIэцIэхэм зыдезыгъэхьэххэм я нэхъыбэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, зи гугъу тщIы лъагапIэр зыпэгъунэгъу къуажэ цIыкIум зэреджэри мыпхуэдэу зэпкърытх хъунущ: «Цыпка - ЦIэпс - ПцIэпс - Бдзэжьеипс» жыхуэтIэу.

## Гъуэнытх

ПсыфIыпэ (Лазаревск) къалэ цIыкIуу хы ФIыцIэ Iуфэм егъэщIылIам километр 19-кIэ (мэзылъэ IуащхьэхэмкIэ) пэжыжьэ Тхьэгъэпщ адыгэ къуажэм пэгъунэгъу шытххэм язщ. Лъахэхутэхэм я нэхъыбэм зэрыжаIэмкIэ, псалъэр Iыхьитlу зэхэтщ: «гъуэны»-рэ «тхы»-уэ.

Япэр, «гъуэны»-р, зэрыжытIащи, кIахэ адыгэхэр бжьэ матэхэм Iугъуэ зэрыщIагъэу удз лIэужьыгъуэм зэреджэщ. «Тхы» къэпсэлъыкIэр, зэрынэрылъагъущи, къызэрыдгурыIуэ хъунур лъагапIэхэр зэпызыщIэ тхыцIэ (сэнтх) егупсысыкIэм техуэущ. Аращи, зэрыщыту къатщтэмэ, фIэщыгъэм къикIыр ди нэгу къызэрытхущIэгъэувэнур «гъуэным щIигъэна шытх» мыхьэнэм хуэдгъакIуэущ.

## Гъопсы - Гъуэпсы

Псы цIыкIум фIаща псалъэм и зэхэгъэувэкIэ хъуам теухуауэ еплъыкIэ зыбжанэ щыIэщ.

Абыхэм язщ «Адыгская (Черкесская топонимия)» тхылъ телъыджэр зи IэдакъэщIэкI КIуэкIуэ Жэмалдин къигъэлъэгъуари. ЩIэныгъэлIым зэрытригъащIэмкIэ, фIэщыгъэр зэхэтщ «гъо» - «гъуэ» (ятIагъуэр зи тепщэ гъуэжьыгъэ), «псы» Iыхьэхэу, къызэрыдгурыIуэ хъунури «гъуэжьыпс» мыхьэнэм хуэдгъакIуэущ.

Лъахэхутэ цIэрыIуэ Мерэтыкъуэ Къасым (Адыгэ Республикэм щыпсэуащ) зэригъэувамкIэ, фIэщыгъэм и япэ Iыхьэу «гъо» - «гъуэ» теплъэ зиIэр ди нэгу къызэрытхущIэгъэхьэнур «бгъуэнщIагъ» егупсысыкIэм дыхуэзышэ «гъуэ» жыIэкIэм техуэущ.

Мыбдежым зи гугъу щытщI «Гъуэпсы» псалъэр «ШIоикъу» («ФIеикъуэ», «Большое Псеушхо», «Псыущхъуэ Ин») шапсыгъ къуажэм къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ блэж псы цIыкIум и цIэщ. ШIоикъуэпс (ФIеикъуэпс) а жылэм блэкIа иужькIэ, Ныожъыепс (Ныуэжьыпс) зи фIэщыгъэ псы нэхъ иным холъэдэж.

## Гоноубат - Унэ-убэт

Иджырей Краснодар краймрэ Адыгэ Республикэмрэ я щIыналъэхэм щежэх псыщ.

Бзэр зыджхэм зэрыжаIэмкIэ, «убэт» Iыхьэр «убэтэн» (кIахэ диалект) псалъэм къытехъукIащ, къызэрыдгурыIуэ хъунури «зэтезыкъутэ», «зэтезыубэ» мыхьэнэхэм хуэкIуэущ. Зэрыщыту къатщтэмэ, «Унэ къутэ» жыхуиIэщ.

Пшэху (Пшаф) зыфIаща мэзылъэ шытхым ищхъэрэкIэ гъэза и джабэщIхэм псы къуэпс цIыкIуурэ зыкъыщызэщIекъуэри, Шэнджий псы хъумапIэм холъэдэж.

## Гнокопсе - Гыны-къуэ-псы

ТIуапсы щIыналъэм щежэх Агуий псым хэлъэдэж къуэпсхэм язщ.

«Гыны» жыIэкIэр адыгэбзэм и шапсыгъ псэлъэкIэм (диалектым) къызэрыщыкIуэр «къэбыстэ» мыхьэнэ щиIэущ. «Къуэ», «псы» Iыхьэхэм къарыкIыр дэркIи гурыIуэгъуэу щыщыткIэ, фIэщыгъэр зэрыщыту къатщтэмэ, зыхуэтхь хъунур «къэбыстэ къыщыкI къуэладжэ» жыхуэтIэущ.

Агуий шапсыгъ къуажэм лъэныкъуэкIэ къыщыщхьэщыт мэзылъэ шытххэм язым зэреджэр «Гыныкъопсытхщ».

## Гочег Маф - ГъуэщIагъ махуэ

Адыгэ Республикэм пэгъунэгъу, иджырей Краснодар крайм хыхьэ Псыхуабэ (Горячий Ключ) зыгъэпсэхупIэм и Iэхэлъахэм щыIэ бгъуэщIагъщ.

Мывэ скъар лъагэу урысхэм «Петушок» зыфIащам пкърыт гъуэдыдж-гъуэжлау тIуащIэщ. Хъыбарыжьхэм къызэраIуэтэжымкIэ, абазэхэхэм ящыщу укIкIэ зи хьэкумыр (судыр) ящIахэм пIалъэ гуэркIэ зыщагъэбыдэу щыта екIуэлIапIэщ. ЗэрыжаIэжымкIи, зи псэр ягъэныну зытраIуахэм ящыщу а бгъуэнщIагъым зи лъэр нэзыхусыфахэм къытралъхьар хуагъэгъурт. Абы иужькIэ, «щтапIэ» ихьэжахэм, бгъуэнщIагъыр ябгынэрти, бгы нэхъ лъагэхэмкIэ яунэтIырт. Аращ зэпыщIа гъуэжлауитIым «ГъуэщIагъ махуэ» фIэщыгъэр щIытрагъэIукIауэ щытари.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

## Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

# Мальхъэдис



Зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Псалъэжьхэр

## ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ

**♦Нэм псэр зыщIешэ, гум гур къреджэ.**
**♦КъакIуэ псори благъэщ.**
**♦Закъуэнытъэ нэхърэ Iэл къыбдис.**
**♦Унагъуэ зиIэм унагъуэ и пIалъэ ещIэ.**
**♦Зэдэшхэ IэфIщи, зэдэфI унэщ.**
**♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.**
**♦Нэм пэжыжьэми гум пэблагъэщ.**
**♦ЦIыхуфI и Iэнэ хьэзырщ.**
**♦Уи анэ и Iэ илъым еплъи, уэ уи Iэ илъым едзакъэ.**
**♦Сабий щIэхъуэпсым гущэпс ед.**
**♦НэхъыщIэ нэхъ щIасэщ.**
**♦Хэгъэрей бзаджэ дэкIуатэ кIыхьщ.**
**♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.**
**♦УнагъащIэ хьэщIэхуэфIщ.**
**♦ЦIыхубз зыщIэмыс унэр сабафэщ.**
**♦Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщIэркъым.**
**♦Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIантIэпсщ.**
**♦Гугъу уехьу къэблэжьыр IэфIщ.**
**♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.**
**♦Къуажэ зиIэ нэхърэ Iэ зыфIэт.**
**♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.**
**♦НэрыIэзэ Iэпэзадэ.**
**♦Iуэху мыублэ блэ хэсщ.**
**♦Iуэхуншэ псалъэрейщ.**
**♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми пщыщ.**
**♦Зи Iуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.**

● ГъэщIэгъуэнщ

## УнафэщI цIэрыIуэ

Къэралым исхэр зэпэщIэувэу зауэ къыщыхъухэм я лъэхъэнэм языныкъуэ пащтыхьыгъуэхэр кIуэдыжауэ щытащ. Ауэ абыхэм я пIэ къиувахэр пащтыхьхэм къазэрыщхьэщыкI щIагъуэ щыIэтэкъым.

Цзэдун Мао (1893 - 1976) Китайм и коммунистхэм я Iэтащхьэу щытащ. Абы къэрал унафэр къыщыIэрыхьа лъэхъэнэр ирихьэлIащ иужьрей дыдэ китай пащтыхьыр традза нэужь къэхъуа зэщIэхъееныгъэшхуэм. Зэман дэкIри, абы хузэфIэкIащ къэрал унафэр зэрыщыту и IэмыщIэм ирилъхьэн.

Абы и политикэ еплъыкIэхэмрэ гупсысэхэмрэ зэрыт, дэни щыцIэрыIуэ «Тхылъ плъыжь цIыкIухэр» Китайм щыпсэу дэтхэнэ зы цIыхуми къыздрихьэкIырт.

Цзэдун Мао пщIэшхуэ хуащIырт. Абы и сурэт зытет зы тхылъымпIэ кIапи хыфIадзэртэкъым. Газетхэм сытым дежи къытехуэрти, ар яхъумэн хуейуэ дэтхэнэми и къалэнт. Уеблэмэ, унагъуэхэм газетхэр здахьын ямыщIэжу, унэм щIэз щыхъуа зэмани щыIащ.

# УпщIэ нагъыщэ

● Гупсысэр - псалъэкIэ

ТЕЛЪЫДЖЭУ зэхэджащ цIыху гъащIэр. ГъэщIэгъуэнми къыщынэркъым абы и къуэгъэнапIэ-быдапIэ куэдым уи нэр къыхузэтепхыныр, ар плъыфэбэу, къуэпсыбэу, нурыбэу икIи къуабэбжьабэу зэрыухуам укIэлъыплъыныр. Къыпхуэмыпщытэным хуэдизщ зэрыупщIэ нагъыщэ здэгъэувыпхъэу а гъащIэм къытлъыкъуигъэкI жыхуэпIэр. Жэуапым я нэхъ пэжым и къэулъэпхъэщыным, хэкIыпIэм я нэхъ захуэм и къэгъуэтыным зэману тедгъэкIуадэри лъытэгъуэйщ.

Узыфэ IэубыдыпIэншэм Iэпкълъэпкъым зэрызригуашэм ярейуэ, зэрыупщIэ нагъыщэ куэдым увыIэпIэ зыкъысхуащIащ. ЗэщIаблащ, зэщIащтащ, зэщIаубыдащ си гъащIэр. ДэнэкIэ тесIуантIэми, дэздзыхми, къэзгъэшми, сикIуэтми - дапщэщи си гъуэгур яуфэбгъу, гъуэм кърахуа благъуэу къыспотIыс. ГурыфIыгъуэмрэ нэплъэгъуэмрэ зы бэлыхь есщIами ярейуэ спагъэжыжьэ. Си фэм симытыжу фагъуэ сащI, фэтегъуэ сихъукIынми увыIэгъуэрэ тепыIэгъуэрэ ямыщIэу Iуэхур ирашалIэ, лIэныгъэр IэфIыпс къысщащI. Фащэм я нэхъ дахэр зыхуэзгъэфащэу хэIэтыкIа нагъыщэ пагэкIэ зэщIэузэдыжа си лъагъуныгъэ дахащэми къылъагъэс я щхъухь шынагъуэр, къопэбжьауэ, къуоныкъуэкъу яфIэщыпсу. Си гур тIу иращIыкIыну къыхуодзэлашхэ. Я щхьэр ягъэщхъарэ езэш ямыщIэу къытоуIуэ, къопIэстхъ. Зы дакъикъи псэхугъуэ ирагъахуэркъым яуныкъуу зэлъэпэуэжыну гу тхьэмыщкIэр. Зы Iэмали къысхуэгъуэтыркъым ар ууныкъуныр хэкIыпIэу зэрыщымытыр, икIута из зэрымыхъужыр къагурызгъэIуэну. ГъырнэIурэ псэкIуэду ирызагъэгъэхьэкI си гъащIэр. ЩIэращIэу, щIэщыгъуэу, щIэхъуэпсымрэ щIэбэгымрэ ебэкIыу зэгуэр сызыхэпсэукIа гъащIэр. Лъэгуажьэмыщхьэ захуэсщIу селъэIуа, си щхьэр яхуэзгъэлъэхъша пэтми, я фIэщ схуэщIыркъым гур ууныкъу зэрымыхъунур - ныкъуэдыкъуэу, къыхуэныкъуэ щымыIэжу, къеижыр къыхукъуэплъу къаплъэнэф пэлъытэу дунейм зэрыщыхьэулеинур, зэрыщылеинур. ИтIани сызэхахкъым, къысхуэдэгущ. ГуитIщхьитIу сагъэпсэуныр яфIэкъабылу лей къыстрагъэхьэ, хьэм ирагъэхь къупщхьэжьу си гум къодзэгъу. Ауэ зэкIэ пэлъэщкъым, яхуэгъэщащэркъым, яхуэуныкъуркъым. Яхуэуныкъуркъым бydэ дыдэу зэрыубыдауэ, фошыгъупсым хэлъэфа IэфIыгъэкIэ псыхьыжауэ гу курыкупсэм лъагъуныгъэр хэгъэпщIащи, дыгъэ бзийм къыхэча Iуданэ дыщэпскIэ и гъунэхэр къэдыхьыжащи. МыщIэ цIу цIыкIуу гум итIысхьащи, Iэрымылъхьэнэрымылъагъу бзуубзэ макъкIэ псэм епсэлъащи. Полъэщ, дзыхэркъым икIи икIуэтыркъым ар. УпщIэ нагъыщэу къыпэщIэувэр зэрырищIыкIыфын, я лъапси я къуэпси зэрыщIигъэхуфын къару лъэщ къызэрыкъуэкIыфынум ирипагэрэ ириину, къащыдыхьэшхрэ къащIэнакIэу гум къоцIуукI, къолындыкI, къогуфIыкI...

**ЖАМБЭЧ Рабия**.



● ЗэвгъащIэ

## Къуалэбзухэм я цIэхэр

**Баклан японский** - япон хыбабыщ.
**Бородач** - бланэукъ, къущхьэхъубгъэжь, мэлыхьбгъэжь, щынэхь, щынэхьыбгъэ, щынэхьбгъэжь.
**Воробей снежный** - уэсбзу.
**Волчок** - бгъэкIэхьцIыкIу.
**Вяхирь** - тхьэрыкъуэпщэху.
**Галстучник** - щхьэщ, пшахъуэджэд.
**Дубонос арчовый** - къуршдубэкъ.
**Жаворонок рогатый** - уэсхьэгуагуэ.
**Журавль даурский** - даур къру.
**Зеленушка кавказская** - бзуудзыфэцIыкIу.
**Зяблик** - румат.
**Красавка** - кърупщэфIыцIэ.
**Краснозобик** - бгъэгуплъ.
**Лунь луговой** - хъупIэжьец.
**Орел** - бгъэ, бгъэжь.
**Пеликан кудрявый** - жьэдзыуэин.

● Шхыныгъуэхэр

### Кхъуей цIынэрэ джэдыкIэрэ

ДжэдыкIэ игъэвыкIар фIыуэ ягъэупщIыIу, яукъэбз, тхъунщIалъэкIэ ятхъунщI е цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ. Кхъуей цIынэри ятхъунщI е яупщIатэ, бжьыныху укъэбзар шыгъу хэлъу яуб. Ахэр зы хьэкъущыкъу мыулъийм иралъхьэ, шыбжий плъыжь хьэжа, шыгъу хадзэ, шатэ Iув хакIэжри зэхагъэзэрыхь, ягъэдиин щхьэкIэ, щIыIапIэм е щIыIалъэм ягъэув и щхьэр тепIауэ. Дакъикъэ 15 - 20 хуэдизкIэ щагъэтри, тепщэч куу цIыкIум пIинэу илъу Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ е щIакхъуэ гъусэ хуащI. Хуабжьу ерыскъы гурыхьщ икIи къэуатщ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* джэдыкIи 2, кхъуей цIынэу грамми 100, бжьыныху укъэбзауэ грамми 10, шатэу грамми 120-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ узыхуейм хуэдиз.

### Мэлыл пшэр гъэбэкхъа, кIэртIоф щIэлъу

Лы цIынэр ятхьэщI, къупщхьэ хэлъмэ, г 20 - 25-рэ хъууэ цIыкIу-цIыкIуу зэпауд, псы щIыIэ щIакIэ, шыгъу хадзэри, и щхьэр тепIауэ ягъавэ. Зэ къытекъуэлъамэ, мафIэр цIыкIу ящI, и щхьэр тепIауэ ныкъуэвэ хъуху - дакъикъэ 40-кIэ трагъэт. ИтIанэ лэпсыр къыщIагъэж, шыуаныр мафIэм трагъэувэжри, щэр нэхъ псынщIэу ткIун щхьэкIэ зэIащIэурэ дакъикъи 10 - 12-кIэ ягъажьэ. Дагъэр къыщIидзауэ лыр тхъуэплъ щыхъум, мыцIыкIу дыдэу упщIэта бжьын, шыбжий плъыжь сыр хьэжа халъхьэ, лыбжьэн щхьэкIэ и лъабжьэм ягъакIуэурэ икIи мэ дахэ къыхихыу щIидзэху, дакъикъи 5 - 7-кIэ, ягъажьэ. Грамми 10 хуэдизурэ упщIэта кIэртIофыр халъхьэри и лъабжьэм ягъакIуэ, и щхьэр тепIауэ дакъикъи 5-6-кIэ ягъажьэ. ИтIанэ къыщIагъэжа лэпсыр щIакIэжри зэIамыщIэу, и щхьэр тепIауэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкIэ, ягъэбэкхъ. МафIэм къытрахыж, джэдгын хаудэри и щхьэр тепIауэ тIэкIурэ щагъэт. Пщтыру тепщэчым иралъхьэри, Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ, чыржын, щIакхъуэ, мэжаджэ дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):* мэлылу грамм 300, псы грамм 400, бжьыныщхьэ укъэбзауэ грамм 40, кIэртIоф укъэбзауэ грамм 200, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Iэрпхъуэр, зэхэзежэ хъуа цIыхум щхьэкIэ жаIэ. **5**. ... вакъэ. **7**. ГъукIэм и лъэщапIэ. **8**. Жыг лъагэшхуэ. **10**. ЦIыхубзым, нысащIэм зэреджэ нэгъуэщI псалъэ. **11**. Псалъэжь: «ЖьантIэм ущIэмыкъу, ... къыплъысынщ».

***Къехыу:*** **1**. Гъуор маджэ: «Жылэ махуэ хъун, зи ... вакъэ изылъхьэ псори къуажэкум деж фыкъыщызэхуэс!» **2**. Совет зэманым зекIуэу щыта ахъшэ жыгъей. **3**. УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист. **5**. Лъащхьэ зэрытыпIэм и бгъуитIымкIэ хэлъ къупщхьэ цIыкIухэр. **6**. ... къызэрищIу мэкъуауэр губгъуэм дэкIащ. **9**. Хьэкъущыкъу. **12**. ПIастапхъэ. **13**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу.

*Зэхэзылъхьар* **САУТ СулътIанщ**.

***Дыгъэгъазэм и 27-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Япэ. **5**. Анэрэ. **6**. Зэуэгъуэм. **7**. Гъунэгъу. **9**. Уипхъу. **12**. Псы. **13**. Къаз. **14**. Хэлъ. **15**. КIапэ. **16**. Джэду. **17**. Хьэм.

***Къехыу:*** **1**. КъупщхьэкIэ. **3**. Пашэмэ. **4**. ХьэщIэри. **8**. Насып. **10**. ПцIанэ. **11**. Iугъуэбэщ.

● Щэнхабзэ



# «Унащхьэм» щызэрагъэзахуэхэр

**Адыгэбзэр, адыгэ хабзэр, щэнхабзэр хъумэным зи лэжьыгъэр теухуа «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым къызэригъэпэща «Сыринэ» ныбжьыщIэ адыгэ театр-студием иджыблагъэ утыку кърихьащ драматург, усакIуэ, «Жан» зэгухьэныгъэм и унафэщI, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ и пьесэм къытращIыкIа «Унащхьэ» спектаклыр. Ар игъэуващ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и артист, режиссёр Къанкъул Ислъам.**

ТЕАТРЫР къызэрызэрагъэпэщрэ нэгъабэ илъэситху ирикъуащ. «Сыринэ» театрым и художественнэ унафэщIыр икIи и режиссёрыр театрымрэ киномрэ я актёр Къанкъул Ислъамщ. Абы и репертуарым хэтщ Къаныкъуэ Заринэ и пьесэхэм къытращIыкIа «Унащхьэ», «КъежэкI», «МафIэгу» спектаклхэр. Театрым щыджэгу щIалэгъуалэр икIи йоджэ. ИлъэситI дэкIмэ, актёрхэм сертификатхэр къратыжынущ, театрым къэнэжынуи Iэмал яIэщ.

- ДэркIэ нэхъыщхьэр адыгэбзэкIэ дыджэгунырщ, сыту жыпIэмэ кIуэдыжынкIэ шынагъуэу къалъытэ бзэхэм адыгэбзэр ящыщщи. Къалэну зыхуэдгъэувыжар къыдэхъулIэуи къытщохъу. Спектаклым къекIуэлIа театреплъхэр абы адыгэбзэкIэ тепсэлъыхьыжу зэрызэхэпхыр гуапэщ. Гу лъыботэ театрым кIуэуэ зыублэхэм адыгэбзэкIэ псэлъэн зэрыщIадзэм. Ар куэд и уасэщ. «Унащхьэр» куэдым гунэс зэращыхъуам щIалэгъуалэм нэхъри зыкъызэкъуахыну трегъэгушхуэ, - жеIэ Къаныкъуэ Ислъам. - Абыхэм я ныбжьым хуэмыкIуэ ролхэр щагъэзащIэм деж сфIэфIкъым. Псалъэм папщIэ, я адэхэм, анэхэм, анэшхуэхэм, гуащэмрэ нысэмрэ, зэщхьэгъусэхэм я зэхущытыкIэхэр къыщагъэлъагъуэкIэ. Ар абыхэм я ролкъым. ЩIэблэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр, ахэр я адэ-анэмрэ егъэджакIуэхэмрэ къазэрыдекIуэкIырщ ягъэлъэгъуэну къезэгъыр. Налшык и утыкухэм къадэкIуэу, ди спектаклхэр республикэм и къуажэхэми щыдогъэлъагъуэ. Иджыблагъэ дыщыIащ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Тэрч щIыналъэхэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Тыркум и къалэхэм. Театрым нэхъыбэрэ фыкIуэну, купщIэ зиIэ спектаклхэм феплъыну, тхылъыфI феджэну, щIэ зэвгъэлъагъуну фыкъыхузоджэ. Мыгувэу федгъэплъынущ Аброкъуэ Аслъэн и пьесэм къытращIыкIа «Къуажэ» спектаклым.

ЩIэблэм уадэлэжьэну мытыншу къалъытэми, Ислъам ар къехъулIэу жыпIэ хъунущ, дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къазэрыхуигъуэтыфыр, ныбжьыщIэхэм пщIэ къызэрыхуащIыр, я дзыхь къызэрырагъэзыр нэрылъагъущи. Къанкъулым къызэрилъытэмкIэ, театрым къакIуэ щIалэгъуалэр акъылыфIэщ, икIи ахэр иригъаджэ къудей мыхъуу, езыми абыхэм я деж щIэ куэд къыщещIэ.

Анэдэлъхубзэр зыгъэшэрыуэ адыгэ щIалэгъуалэ театрыр утыкум зэрыщыджэгум укIэлъыплъыныр гур хэзыгъахъуэт, удэзыхьэхт. Илъэс 14-16 зи ныбжь щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ тегушхуауэ театр утыкум щыджэгуащ. КъыжыIапхъэщ, спектаклым цIыхушхуэ зэрызэхуишэсар, тIысыпIэншэу куэдыр къэнауэ.

Пьесэр зытха Къаныкъуэ Заринэ фIыуэ зыщигъэгъуэзащ иджырей ныбжьыщIэхэм я дунейм. Лэжьыгъэм лъабжьэ хуэхъуар щIалэгъуалэм я гъащIэрщ, я зэхущытыкIэрщ, яку дэлъ гурыгъу-гурыщIэхэрщ, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэрщ, зрихьэлIэ Iуэху зэIумыбзхэрщ. Iуэхур щекIуэкIыр дращIейуэ намыгъэсу къагъэнэжа унэ зэтет бгынэжахэм ящыщ зым и унащхьэрщ. Ар еджакIуэхэм я зэхуэзапIэ, зэпсэлъапIэ, нэгу зегъэужьыпIэ къудей мыхъуу, абы я классэгъу Ясминэ къехуэхыу зэриукIар лэжьыгъэм Iуданэ плъыжьу щыпхышащ. Гузэвэгъуэр къызэрыхъуар езы ныбжьыщIэхэм зэхагъэкIыну зэгуроIуэри, унащхьэм щызэхуос. Интернет сайтым дихьэха зэныбжьэгъу хъыджэбзхэм зэрымыщIэкIэ ар «эфир занщIэм» ягъакIуэ. Абдеж Ясминэ хэт сыт хуэдэу хущытами щытопсэлъыхь, дэтхэнэ зым и хьэл-щэнри «зэрымыщIэкIэ» наIуэ къыщохъу. А щIыкIэм тету псори щыгъуазэ мэхъу хъыджэбз цIыкIур унащхьэм къехуэха зэрыхъуам.

Псом хуэмыдэу лэжьыгъэм Iупщlу къыщыгъэлъэгъуащ язынықъуэ щIалэгъуалэр социальнэ сетхэм дахьэх къудей мыхъуу, «сымаджэ» ирихъупаи зэрахэтыр. Интернетым итхьэкъуа ныбжьыщIэхэр спектаклым зэрызригъэплъыжам шэч хэлъкъым. Хэт ищIэрэ, дерс къыхахынкIэ хъунщ.

- ЕджапIэм дыщыщIэса зэманымрэ нобэмрэ зэплъытмэ, зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къэхъуащ, иджырей технологиехэр, социальнэ сетхэр ди гъащIэм къыгуэхыпIэ имыIэу къыхыхьэри. Псори дызэныбжьэгъуу, дызэрылъытэу, дызэрылъагъуу, школым ди гъащIэр епхауэ дыкъыщIекIуэкIари аращ, - жиIащ Къаныкъуэ Заринэ. - Тхылъ деджэну тфIэфIт, уэрэдыр ди хамэтэкъым, щIыпIэ дахэхэм зыплъыхьакIуэ дыкIуэурэ зыдгъэпсэхурт. Хэт ищIэрэ, мы лэжьыгъэм иджырей щIалэгъуалэр зыщIигъэгупсысыжынкIи хъунщ.

«Сыринэ» ныбжьыщIэ театр-студием, абы и режиссёр Къанкъул Ислъам, пьесэр зытха Къаныкъуэ Заринэ сымэ гугъэ уагъэщI щIэблэм анэдэлъхубзэм я гупэр хуагъэзэжынымкIэ щхьэпэну, адыгэ театрыр щIалэгъуалэ кIуапIэ хъужыным яхузэфIэкI хэлъхьэныгъэ хуащIыну! «Сыринэ» театрым и лэжьыгъэхэр къыщывгъуэтынущ щIэупщIэ зиIэ «Дыгъэ бзий» адыгэ онлайн-театрым. ГъащIэм теухуа теплъэгъуэхэмрэ гушыIэхэмрэ, фильм кIэщIхэр - дэрэжэгъуэ къывэзытын куэд къыщыфпоплъэ абы.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ лъэщхэр

● Шашкэхэр

**Мы махуэхэм Налшык щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дунейпсо шашкэхэмрэ шашкэ псынщIэхэмкIэ и чемпионат. Ар икъукIэ удэзыхьэх хъуащ.**

ШАШКЭ псынщIэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпион хъуащ икIи дыщэ медалыр къыщихьащ Шэджэм районым къикIа МафIэдз Сэхьид. Дыжьыныр лъысащ Псыгуэнсу къуажэм щыщ Дол Барэсбий. Ещанэ увыпIэр иубыдащ налшыкдэс Семенов Сергей.

Шашкэ псынщIэхэмкIэ (блиц) республикэм и чемпионати екIуэкIащ. Къэбэрдей-Балкъэрым и чемпион хъуащ Аликаев Мухътар. Абы къыкIэлъокIуэ МафIэдз Сэхьид. Домбеякъ медалыр Iэрыхьащ Дол Барэсбий.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

● Футбол

# Гъэхэм я зэблэкIыгъуэм «Джэрмэншыкыр» хокIуадэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ 2025 - 2026 гъэхэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм Илъэсыщlэм и пэ махуэхэм щыIэн хуея джэгугъуищым ящыщу тIуращ зэхэтар. Уэсышхуэ къызэресам къыхэкIыу зыр ягъэIэпхъуэн хуей хъуащ. Ар зытехуа ебланэ джэгугъуэр нэхъ иужьыIуэкIэ зэхэтыжынущ.**

ЕЯНЭ джэгугъуэм дызыпэмыплъа бжыгъэ щыIакъым. Абыхэм щытекIуащ зыхуэдгъэфэщахэр. Нэхъ хьэлэмэту щытар икIи бэнэныгъэ гуащIэ щекIуэкIар зэгъунэгъу Зэрэгъыжымрэ Псыгуэнсумрэ я зэIущIэращ. Зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъхэр абы щытекIуащ, я хьэрхуэрэгъухэм нэхърэ зы топ нэхъыбэу дагъэкIыну яхузэфIэкIри.

ИкъукIэ ерыщу къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм щызэпэщIэуват иужь илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгумкIэ и тепщэныгъэм щызэныкъуэкъу республикэм и гъэмахуэ чемпион «Искра»-мрэ блэкIа щIымахуэ зэхьэзэхуэм щытекIуауэ щыта «Родник»-мрэ. Дзэлыкъуэ щIыпIэм къикIахэм абы очкоищ щызыIэрагъэхьащ, метр пщыкIузым и деж щыту ХъутIэ Анзор дигъэкIа топ закъуэм и фIыгъэкIэ.

ЗыкIи нэхъ кIащхъэу щытакъым мыгъэрей зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Зэрэгъыжымрэ» сыт щыгъуи лъэщ «Спартак-Налшыкымрэ» я зэIущIэри. Абы еплъыну кърихьэлIахэм дэрэжэгъуэ ин ягъуэтауэ зэбгрыкIыжащ. Джэгун щIадзэри, мыгувэу КIэщт Аниуар налшыкдэсхэр япэ иригъэщащ. Арщхьэкlэ Зэрэгъыж къикIахэр абы игъэдзыхакъым. ЯпэщIыкIэ Болэ Руслан бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. ИтIанэ Жыкъуэ Залымхъан метр пщыкIузым деж щыту иджыри зы топ дигъэкIыжри, къуажэдэсхэр тригъэкIуащ.

Мы удэзыхьэх къомым къадэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и щIымахуэ зэпеуэм Iуэху мыщхьэпи къыщыхъуащ. Ар зэхьэлIар «Джэрмэншык» командэращ. ЯпэщIыкIэ къыщIэщыжащ етхуанэ джэгугъуэм хиубыдэ зэIущIэу абы иригъэкIуэкIам заявкэм хамыгъэхьа футболиститI зэуэ зэрыщагъэджэгуар. Арати, джэрмэншыкдэхэр къыхагъэщIауэ къабжащ икIи къуэдыуэ сом минипщI тралъхьащ. Абы иризэгуэпами, нэгъуэщI щхьэусыгъуэ щыIами, хэт ищIэрэ, ауэ иужькIэ ахэр 0:10-уэ «Ислъэмейм» къыпикIуэтащ, къыкIэлъыкIуэу дэджэгуакъым «Нартанымрэ» «Логоваз»-мрэ. ТIэунейрэ зэIущIэм къримыхьэлIахэр зэпеуэм хагъэкIыж хабзэщи, адэкIэ «Джэрмэншыкым» къыхуащIыну унафэм дыпэплъэнщ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр аргуэру щызэпаубыдащ. Зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ топипщI дэзыгъэкIа «ГорИс»-м щыджэгу Балъкъыз Амур къылъэщIыхьащ «Ислъэмейм» и пашэ Мэрем Андемыр. Зэ закъуэкIэ нэхъ мащIэрэщ къызэрыхэжаныкIар ХъутIэ Анзор.

2025 - 2026 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкI щIымахуэ зэхьэзэхуэм иужьу щызэхэта зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ: *еянэ джэгугъуэ* - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - «**Спартак-Налшык**» (Налшык) - **0:3**, «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - «**Мурбек ФШ**» (Налшык) - **0:4**, «**Зэрэгъыж**» (Зэрэгъыж) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - **2:1**, «**Искра**» (Алътуд) - «**Сады Баксана**» (Ислъэмей) - **6:0**, «**ГорИс**» (Налшык) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - **1:4**, «**Малка**» (Малкэ) - «**Урыху**» (Урыху) - **0:0**, «**Шагъдий**» (Зеикъуэ) - «**Логоваз**» (Бабугент) - **1:0**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Джэрмэншык**» (Джэрмэншык) - **3:0** (зэрымыкIуам къыхэкIыу); *ебгъуанэ джэгугъуэ* - «**Псыгуэнсу**» - «**ГорИс**» - **4:1**, «**Мурбек ФШ**» - «**Малка**» - **6:0**, «**Логоваз**» - «**Джэрмэншык**» - **3:0** (зэрымыкIуам къыхэкIыу), «**Урыху**» - «**Шагъдий**» - **3:1**, «**Нартан**» - «**Ислъэмей**» - **6:0**, «**Родник**» - «**Искра**» - **1:0**, «**Сады Баксана**» - «**7 Вершин-Шалушка**» - **1:3**, «**Спартак-Налшык**» - «**Зэрэгъыж**» - **1:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр дызыхуэкIуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ щыIэнущ. ЩIышылэм и 17-м - «Малка» - «Сады Баксана», «7 Вершин-Шалушка» - «Родник», «Спартак-Налшык» - «Нартан»; щIышылэм и 18-м - «Ислъэмей» - «Логоваз», «Шагъдий» - «Мурбек», «Зэрэгъыж» - «ГорИс», «Искра» - «Псыгуэнсу» командэхэр зэIущIэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

*Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм и щIымахуэ зэхьэзэхуэр 2025-2026 гъэхэм зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Зэрэгъыж»** | **8** | **7** | **1** | **0** | **19-6** | **22** |
| **2. «Спартак-Налшык»** | **8** | **6** | **0** | **2** | **22-8** | **18** |
| **3. Ислъэмей»** | **8** | **6** | **0** | **2** | **32-8** | **18** |
| 4. «Родник» | 6 | 5 | 1 | 0 | 16-4 | 16 |
| 5. «Искра» | 7 | 5 | 1 | 1 | 20-2 | 16 |
| 6. «Псыгуэнсу» | 8 | 4 | 2 | 2 | 17-10 | 14 |
| 7. «Урыху» | 8 | 3 | 3 | 2 | 13-9 | 12 |
| 8. «ГорИс» | 8 | 3 | 1 | 4 | 16-22 | 10 |
| 9. «Малка» | 8 | 3 | 1 | 4 | 11-21 | 10 |
| 10. «Шагъдий» | 8 | 3 | 0 | 5 | 14-21 | 9 |
| 11. «Мурбек ФШ» | 7 | 3 | 0 | 4 | 18-14 | 9 |
| 12. «7 Вершин Шалушка» | 8 | 3 | 0 | 5 | 12-26 | 9 |
| 13. «Логоваз» | 8 | 2 | 2 | 4 | 9-15 | 8 |
| 14. «Нартан» | 7 | 2 | 0 | 5 | 12-20 | 6 |
| **15. «Джэрмэншык»** | **7** | **0** | **0** | **7** | **5-27** | **0** |
| **16. «Сады Баксана»** | **8** | **0** | **0** | **8** | **4-27** | **0** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.203• Заказыр №46

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А